ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№199 (22.107) ● 2011 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 20, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●Дыгъуасэ

Лэжьыпхъэхэр ягъэбелджылы

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я зи чэзу зэIущIэр дыгъуасэ Бахъсэн къалэм щригъэкIуэкIащ.

ЗЭ ХЫХЬЭМ хэтащ Правительствэм и Унафэщl **Гертер Иван**, абы и къуэдзэхэу **Абрэдж Iэдиб, Уянаев Казым**, Президентым и Администрацэм и Iэтащхьэ **Жаморэ Владимир**, Къэбэрдей-Балъкъэрымкlэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей**, министрхэр, къэрал комитетхэм я тхьэмадэхэр, къалэдэсхэмрэ lуэхущlапlэхэмрэ я лlыкlуэхэр.

Къанокъуэ Арсен и псэубжьэм и лъэпкъ псалъэм и ужькlэ зэlущlэм щызэхалъхьэжащ Гертер Иван зи нэхъыжь правительствэ комиссэм къалэр нэхъ пасэу къызэрызэхиклухьам къриклуахэр, апхуэдэу 2009-2010 гъэхэм округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зыхуэдэмрэ мы илъэсым къапэщытхэмрэ ятеухуауэ щlыпlэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащlэ Хьэщпакъ СулътIан жиIахэм щедэlуащ.

Гертер Иван къытеувыlащ къалэм нэхъыщхьэу щызэфIагъэкIын хуейуэ къилъыта Iуэхугъуэхэм икIи абыхэм хуэзэну мылъкур зыхуэдизыр игъэбелджылащ. ЩIыпIэ администрацэм и отчетым щызэпкърихащ федеральнэ, республикэ программэхэр я деж зэрыщагъэзэщIар, псэупIэ-коммунальнэ комплексым, псыкIэ, хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ lэнатlэхэм я щытыкlэр зыхуэдэр, егъэджэныгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымрэ къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэр, физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьыным теухуауэ зэфlагъэкlхэр, ахэр дяпэкIи егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ лэжьыпхъэхэр.

ЗэIущIэм къыщыхалъхьа Iуэхугъуэхэр ятхащ, мыхьэнэ хэха зиIэу къалъытахэр къалэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и программэм хагъэхьэнущ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Хъыбар гуапэ

Унэ зэпэщхэм щIотIысхьэж

Урысей Федерацэм Шынагъуэншагъэмкlэ и федеральнэ lуэхущlапlэм (ФСБ-м) и Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыlэм къулыкъу щезыхьэкlхэм папщlэ яухуа псэупlэ унэхэр мэрем кlуам ятащ. Фэтэр зэпэщхэм щlэтlысхьэнущ къэралым и гъунапкъэхъумэ унагъуэ 300-м нэблагъэ. Псэупlэ зылъысахэм яхэтщ УФ-м и ФСБ-м и lуэхущlапlэу КъБР-м щыlэм и лэжьакlуэхэри. Къати 5 унищымрэ къати 9 унитlымрэ илъэсрэ ныкъуэм яухуащ.

НАЛШЫК дэт Гъунапкъэхъумэ lэнатlэм абы теухуауэ щекlуэкlа гуфlэгъуэ зэlущlэм хэтащ КъБР-м и Президент**Къанокъуэ Арсен**, Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар**, Правительствэм и Унафэщl **Гертер Иван**, Урысей Федерацэм и ФСБ-м и lуэхущlапlэу КъБР-м щыlэм и унафэщl **Кменный Сергей**, къэрал кlуэцl lуэхухэмкlэ министру КъБР-м щыlэ **Васильев Сергей**, нэгъуэщl къулыкъущlэхэр.

- Нобэ lуэхугъуэ гуапэкlэ дызэlущlащ. Iэнатlэм и пщlантlэм ущрикlуэкlэ, иужь зэманым абы игъуэта зыужьыныгъэмрэ зэlузэпэщыгъэмрэ гу лъумытэу къанэркъым икlи ущогуфыкl. Къулыкъу мытыншыр ди лъахэм щезыхьэкlхэм папщlэ lуэхущlапlэм и пщlантlэм щызэфlагъэува иджырей псэупlэхэр и щыхьэтщ абы кlуэ пэтми зэрызиужьым, унэ дэгъуэхэм Налшык и теплъэри ирагъэфlакlуэ, - жиlащ япэу псалъэ зрата республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен. А lуэхугъуэ гуапэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщlа УФ-м и ФСБ-м и lуэхущlапlэу КъБР-м щыlэм, Гъунапкъэхъумэ lэнатlэм я унафэщlхэм абы фlыщlэ яхуищlащ, унэщlэхэм щlэтlысхьэнухэм узыншагъэ, насып, фlыгъуэ яlэну, я къалэныр мамыру ирахьэкlыну, лъахэм, зэрыщыту къэралым и къэкlуэнум хэлъхьэныгъэ хуэзыщlыну, ар езыгъэфlэкlуэну щlэблэ къащlэхъуэмэ зэригуапэр яжриlащ.

- Урысейм и Президентым Ипщэ Федеральнэ щlыналъэм къэрал гъунапкъэхэр щегъэфlэкlуэным теухуауэ къигъэува пщэрылъхэр гъэзэщlэнымкlэ программэм ипкъ иткlэ, зи гугъу тщlа ухуэныгъэр ят. Ар гъунапкъэхъумэхэр нэхъри я къалэным тезыгъэгушхуэ lуэху гуапэщ. Псэупlэ зэпэщхэм щlэтlысхьэну дэтхэнэми къулыкъум ехъулlэныгъэхэр фыщиlэну си гуапэщ, - къыпищащ республикэм и Президентым и псалъэхэм Урысей ФСБ-м и Ипщэ щlыналъэ Гъунапкъэхъумэ lуэхущlапlэм и унафэщlым и япэ къуэдзэ, генерал-лейтенант **Чередниченкэ Федор**.

Урысей Федерацэм и ФСБ-м и lуэхущlапlэу КъБР-м щыlэм и унафэщl Кменный Сергей псэупlэ унитхур сыткlи зэпэщу зэман кlэщlым къриубыдэу зэфlэзыгъэува ухуакlуэхэм фlыщlэ яхуищlащ икlи Щlыхь тхылърэ саугъэт лъапlэрэ «Союз» ухуакlуэ компанием и лlыкlуэ **Джэдгъэф Мухьэмэд** иритащ.

КъБР-м и муфтий нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Сыжажэ Алимрэ** благочиннэ **Бобылев Валентинрэ** гъунапкъэхъумэхэм я къалэныр мамыру ирахьэкlыну, я псэупlэщlэхэм я гурэ я псэрэ щытыншмэ, зэрагуапэр жаlащ.

Гуфlэгъуэ зэlущlэм кърихьэлlа КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен я пашэу Чередниченкэ Федор, Кменный Сергей, Гъунапкъэхъумэ lэнатlэм и унафэщl Пугачев Анатолий сымэ псэупlэ унэхэм ящыщ зым и пщlантlэм деж лентl плъыжьыр щызэпаупщlри, фэтэрхэм зыщаплъыхьащ икlи ялъэгъуар гунэс ящыхъуащ. Пэш кlуэцlхэр зэрызехьам и мызакъуэу, псэупlэ унэхэм я пщlантlэхэр зэрызэщlэкъуам, сабий джэгупlэхэмкlэ къызэрызэгъэпэщам гу лъамытэу къэнакъым.

Урысейпсо зэпеуэхэм я лауреат Нэгъудэ Роман зи художественнэ унафэщl «Эльбрус» сабий лъэпкъ къэфакlуэ ансаблымрэ Налшык къалэм дэт курыт еджапlэ №28-м и еджакlуэ цlыкlухэмрэ lуэхугъуэ гуапэм кърихьэлlа хьэщlэ лъапlэхэм я нэгу зрагъэужьащ, я гукъыдэжыр къаlэтащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● ЗэIущIэхэр

ЕгъэджакIуэхэм яхуэфащэ гулъытэр ялъосыж

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым иджыблагъэ видеоконференц иригъэкIуэкIащ щIыналъэхэм щыIэ къудамэхэм я президиумхэр хэту. Ар теухуауэ щытащ зэрырагъаджэ щIыкIэр егъэфIэкIуэным.

НАЛШЫК къалэ дэт «Урысей зэкъуэт» партым и Iэтащхьэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ жылагъуэ зэIущIапIэм щызэхуэсат «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ политикэ советым и унафэщI **Жаным Руслан,** КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ **Мэртазэ Залым,** егъэджакIуэ IэщIагъэм ирилажьэхэм я профсоюзым и Iэтащхьэ **Карныш Сергей,** партым и щIыналъэ къудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и нэ хъыщхьэ **Дьядченкэ Владислав** сымэ.

Москва щекIуэкIа видеоконференцыр къызэIуихащ «Урысей зэкъуэт» партым и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и секретарь **Неверов Сергей.** Ар убгъуауэ тепсэлъыхьащ 2011 гъэм и мэлыжьыхьым «Урысей зэкъуэт» партым и Iэтащхьэ, УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Путин Владимир къыхилъхьа проектым къигъэув Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм. Зэрырагъаджэ щIыкIэр ефIэкIуэн папщIэ, Путин Владимир япэ игъэщыпхъэу къилъытэхэм ящыщщ егъэджакIуэ хэм я улахуэм хэгъэ хъуэныр; курыт школхэм щылажьэхэм я гуащIэдэкIым къыпэкIуэр хуэдиз хъууэ щытын хуейщ щIыналъэм ику иту къыщахьым, икIи егъэджакIуэхэм я улахуэм фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ процент 30-кIэ зэрыхагъэхъуар игъуэу къилъытащ партым и пашэм. Абы къищынэмыщIауэ, проектыр дэIэпыкъуэгъу хъунущ егъэджэныгъэ IэнатIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ щIыналъэхэм щыIэ программэ хэр зыхуей хуэзэу гъэзэщIа хъунымкIэ; курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэр иджырей Iэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэщынымкIэ; щIэблэр зэрырагъаджэм иджырей хъыбарегъащIэ технологиехэр Iэрыхуэу хэгъэхьэнымкIэ.

АдэкIэ «Егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэн» проектым и унэтIакIуэ **Булаев Николай** жиIащ проектыр курыт еджапIэхэм щыщыIэ гугъуехьхэр гъэзэкIуэжыным зэрытеухуар, ар «Урысей зэкъуэт» партым япэ иригъэщ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм зэращыщыр. Булаевым IупщIу къигъэлъэгъуащ Урысейм и хэгъуэгухэм фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ егъэджакIуэхэм я улахуэм зэрыхагъэхъуар зыхуэдизымрэ экономикэ IэнатIэм къыщахь лэжьапщIэм егъэпщауэ егъэджакIуэхэм яйр зэрыхъумрэ.

Ди республикэр къапщтэмэ, КъБР-м и Правительствэм къыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, зэрырагъаджэ щIыкIэр егъэфIэкIуэн проектым къыщыхьа Iуэхугъуэ зыбжанэ ягъэзэщIакIэщ. Абыхэм ящыщщ егъэджакIуэхэм я улахуэм фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ зэрыхагъэхъуар. Къыхэгъэщыпхъэщ 2011 гъэм и кIэухым ику ит улахуэр сом 13.042-м нэсыну зэрыхуагъэфащэр. Абы къыдэкIуэу, КъБР-м унафэ къыщащтащ зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэр щагъасэ IуэхущIапIэ хэм я лэжьакIуэхэм я улахуэм хагъэхъуэну, егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ я лэжьыгъэм къыпэкIуэр куэдкIэ зэщхьэщымыкIын папщIэ. Апхуэдэ унафэм кърикIуащ 2011 гъэм бюджетым щыщу а IэнатIэм трагъэкIуэдэну ахъшэр сом мелуан 39-кIэ нэхъыбэ зэрыхъуар.

Он-лайн жыпхъэм тету видеоконференцым хэтащ Новгород, Красноярск, Брянск, Астрахъан областхэр, нэгъуэщIхэри.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Нобэ

Нобэ илъэси 100 ирикъунут Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Лениным и орденыр щэнейрэ, Октябрь Революцэм и орденыр, Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжьым и орденыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща Тэрчокъуэ Къамболэт КIыцу и къуэр.

И псэемыблэж лэжьыгъэм, щIым хуиIэ лъагъуныгъэм, унафэщI къулыкъум къыщигъэлъэгъуа Iэзагъэм Тэрчокъуэм и пщIэр иIэтащ икIи къэрал псом цIэрыIуэ щыхъуат. Арщыдан къуажэм Лениным и цIэкIэ щыIэ колхозым и тхьэмадэу ар илъэс 25-кIэ лэжьащ, зэман кIэщIым къриубыдэу абы мэкъумэш хозяйствэ къыкIэрыхур пашэхэм ящыщ ищIыжыфащ.

КъызэгъэпэщакIуэ Iэзэм, цIыху щэджащэм теухуа тхыгъэхэр ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

Iулъхьэ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхухэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэ хьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж щыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

Дунейм щыхъыбархэр

ЩIадзэ къудейщ

«Уолл-стрит убыд» акцэр США-м щезыгъэкIуэкIхэм хуэзэхуахьэсауэ доллар мин 500-м нэс яIэщIэлъщ. Ар абыхэм къащхьэщыжхэм кърататщ я Iуэхугъуэм пащэн папщIэ.

А мылъкум щыщу доллар мин 350-р акцэр езыгъэкIуэкI зэщIэхъееныгъэм къыхуатIыпщащ, интернеткIэ банкым къыщызэIуаха я счетым къыхалъхьэри. Захуагъэ хэлъу судхэр егъэкIуэкIыным щIэбэн, хьэрычэтыщIэу щымыт, Вашингтон щылажьэ зэгухьэныгъэхэм ящыщ зым зыкъэзыIэтахэм ахъшэ яхузэхуехьэс икIи счетым къыхалъхьэ псоми налогхэр яхухетыкI.

Дыгъ уасэ Уолл-с тритыр зыубыдахэм къаIэрыхьащ иджыри доллар мин 85-рэ. Ар Зукотти жыг хадэм мазэ ипэ абыхэм щауххуа лагерым къахьри къыщыIэщIалъхьащ. Махуэ къэс а жыг хадэм цIыхуищэ бжыгъэхэр къокIуалIэ, мащIэми куэдми, зыкъэзыIэтахэм мылъкукIэ зыкъыщIагъакъ уэу. Ахъшэ ирадзэн папщIэ ягъэува ашык цIыкIум пщыхьэщхьэкIэ кърахыж доллар мини 8-м нэс. Зыкъэзыlэтахэм я ахъшэ псори щахъумэ «Амалчамэйтед» банкым.

«Уолл-с трит убыд» акцэм хэтхэм зэкIэ мылъкушхуэ ятекIуадэркъым: махуэм доллар мин 1,5-кIэ ерыскъыр къащэху, иджыблагъэ щыжей къэпхэр, щыгъынхэр доллар мини 2-кIэ ирагъэжьыщIащ, доллар мин 20-кIэ къащэхуащ компьютер, фото-видео техникэ, Интернетым я Iуэху зыIутыр щагъэлъэгъуэн папщIэ. Абыхэм загъэхьэзыркъым щIымахуэми зэбгрыкIыжыну - пщыIэхэри, ахэр зэрагъэплъыну хьэкухэри къызэращэхун я куэдщ. Акцэр егъэкIуэкIын зэрыщIадзэрэ, полицэм иубыдащ абы хэтхэм щыщу цIыху мин хуэдиз, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэр хуащIурэ. А щытыкIэми зэщIегъаплъэ властым пэува цIыхухэр.

Зауэ щытыкIэм йоувэ

Тыркум и спецназым щыщ дзэшхуэ дыгъуасэ иришащ Ирак Ищхъэрэм и щIыналъэм. Ар къыхэкIащ курдхэм я Лэжьакlуэ партым щыщ боевикхэр Тыркум и ипщэкъуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ къыщыте уэу, полицей 24-рэ зэраукIам, цIыху куэд уIэгъэ зэращIам.

Премьер-министр Эрдоган Тайип нобэ Къэзэхыстаным кIуэн хуеяти, къэралыр зауэ щытыкIэ гугъум къызэрихутам къых экIыу, абы щекIуэкIыну зэIущIэхэр игъэIэпхъуащ. Апхуэдэу Сербием щежьэну пIалъэр игъэIэпхъуащ Тыркум къэралщIыб Iуэхухэмкlэ и министр Довутоглу Ахъмэти.

Къаугъэр къыщыхъуар Хаккяри вилайетыр. Абы икIэщIыпIэкIэ нэсащ Тыркум и генштабым и унафэщIри, адрей дзэзешэ нэхъыщхьэхэри.

СыткIэ къащхьэпэну?

ЦIыхухэм я япэ базэр Мазэм щаухуэныр тынш хъунущ, а Iуэхум къеззгъ бгъуэнщIагъ абы къыщагъуэтмэ. Журналистхэм я упщIэхэм жэуап щритым, космонавтхэр щагъэхьэзыру Гагариным и цIэкIэ щыIэ центрым и унафэщI Крикалев Сергей зэрыжиIамкIэ, бгылъэ щIыпIэкIэ къулей Мазэм апхуэдэ бгъуэнщIагъхэр щыIэн хуейщ.

- Бгъуэнщlагъым базэр радиацэм щихъумэнущ. Хьэуар къыдэмыкIын хуэдэу, абы и щIыхьэпIэр зэрыбгъэбыдэ хъуну конструкцэ 80 гъэхэм къагупсысауэ щытащ. Ар Урысейм и «Мир» с танцым къыщагъэсэбэпыну я гугъат, станцщIыб модулым и пIэкIэ. А Iэмалыр къатщтэмэ, Мазэм и щIыр зэх этIыхьу, конструкцэ хьэлъэхэр дгъэувын хуейкъым. Базэр тыншу икIи пуду пIалъэ кIэщIым тхуэухуэнущ, - пещэ Крикалев Сергей.

Крикалевым нэхърэ зэман нэхъыбэ хьэршым щезыхьэкIа цIыху щыIэкъым. Шэч хэмылъу, ар зытепсэлъыхь Iуэхум фIыуэ щыгъуазэщ. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэщ упщIэ къыщыувыр: Мазэм щыIэ базэр цIыхухэм сыткIэ къагъэсэбэпыну?

НОБЭ

● **Статистикэм и дунейпсо махуэщ**

● **Авиадиспетчерым и дунейпсо махуэщ**

● **Урысейм и Флотыр къыщыунэхуа махуэщ.** 1696 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м Петр I и жэрдэмкIэ, Думэм унафэ къищтащ кхъухь 52-рэ ухуауэ Iуззв (Азов) хыдзэ къызэгъэпэщыным теухуауэ.

● **Псы щIыIум тет хыдзэлIым и махуэщ**

● 1880 гъэм Москва цирк къыщызэIуахащ.

● **ЗауэлI связистым и махуэщ**

● Жэпуэгъуэм и 20 - 22-хэм Дон Iус Ростов щызэхэтынущ хьэрычэтыщIэхэм я XI дунейпсо форум.

● 2000 гъэм Шэджэм Езанэр къалэ хъуащ.

Дунейм и щытыкIэнур: «meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык мащIэу уэшх къыщешхынущ, хуабэу махуэм градуси 10, жэщым градуси 8 щыIэнущ.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩIО Зарифщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Хьэрычэтым берычэт хэлъщ.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

2012 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр йокIуэкI.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт IуэхущIапIэ псоми.

Ди индексыр 51531

Ди гъунэгъу республикэхэм

Бжьыхьэсэр йокIуэкI

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и мэкъумэшыщIэхэм бжьыхьэсэм и Iыхьэ щанэр зэфIагъэкIащ. 2012 гъэм гъавэ бэвкIэ зыщыгугъ жылапхъэхэр гектар мин 300-м хагъэззэгъащ.***

РЕСПУБЛИКЭМ мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэритымкIэ, бжьыхьэсэ лэжьыгъэм и процент 32-р зэфIагъэкIащ. Мы тхьэмахуэм и пэщIэдзэм ирихьэлIэу гуэдзыр гектар мин 20-м нэблагъэм трасащ, рапсыр щIым хэгъэззэгъэныр и кIэм нагъэсащ.

Архъыз йофIакIуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***«Архъыз» бгы-лыжэ курортым и зы Iыхьэ мы гъэм къызэIуахынущ. УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Хлопонин Александр иджыблагъэ журналистхэм щаIущIам зэрыжиIамкIэ, япэ Iыхьэм щыщ хэхауэ яутIыпщынуращ, ауэ къыщыбжыхь хъунущ.***

АБЫКЪЫЗЭРЫХИГЪЭЩАМКIЭ , республикэм и унафэщIхэмрэ инвест-компаниемрэ проектыр зэрыпхагъэкIым жыджэру кIэлъоплъ. Правительствэм и тхьэмадэр щыгъуазэ зэращIамкIэ, дызыхыхьэ илъэсыщIэм и гъатхэпэм псори хьэзыр хъунущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, КъШР-м и Архъыз бгылъэ куейм турист комплекс жылагъуэу 4 щаухуэнущ. Метр 860-кIэ яукъуэдиину «Архъыз» кIапсэрыкIуэ гъуэгум зы сыхьэтым къриубыдэу цIыху мин 1,8-м нэблагъэ метр мин 1,77-рэ лъагагъым дришеинущ.

Зэныбжьэгъугъэм и щапхъэхэр

Къунакъ зэпыщIэныгъэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным и илъэсым республикэм егъэджэныгъэмкIэ и IуэхущIапIэхэм щыпащэ. Абы ипкъ иткIэ Къэрэшей-Шэрджэсым и курыт еджапIэхэм Зэныбжьэгъугъэм и махуэхэр щекIуэкIынущ.

ЯПЭ ЗЭIУЩIЭХЭР Теберда Ипщэ, Учкекен, Апсуа, Инжыдж ЦIыкIу жылагъуэхэм щекIуэкIынущ, Карачаевск къалэм и школакIуэхэр Черкесск щыхьэщIэнущ. НыбжьыщIэхэм республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэм, Кавказым и къунакъ институтым теухуа лекцэхэр драгъэкIуэкIынущ, зэгъусэу концертхэр, спорт зэпеуэхэр къызэрагъэпэщынущ.

УАРДЭ Жантинэ.

Махуэ Владимир, Новиковэ Маргаритэ, Жаным Руслан.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

КIэлъыплъынычгъэр ягъэткIий

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органым и унафэщIым и япэ къуэдзэ Жаным Руслан.

ЗЭIУЩIЭМ и пэщIэдзэм ар ехъуэхъуащ илъэс куэдкIэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым щылэжьа, лэжьыгъэм и ветеран Новиковэ Маргаритэ и юбилеймкIэ икIи КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым къыбгъэдэкI ФIыщIэ тхыгъэ иритащ.

Депутатхэр апхуэдэу Законхэр къыдэгъэкIынымрэ къэрал ухуэкIэмкIэ комитетым и унафэщI Тату Арсен ехъуэхъуащ Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и унафэщIым и указкIэ «Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къызэрыфIащамкIэ.

Президиумым хэтхэм къащта унафэм ипкъ иткIэ, Парламентым и пленар зэIущIэр жэпуэгъуэм и 27-м зэхуагъэсынущ. ЗэкIэ зэраубзыхуамкIэ, абы къыщыхалъхьэнущ Iуэху зэмылIэужьыгъуэу 20-м щIигъу.

АдэкIэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ Экологиемрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ комитетым и унафэщI **Несутулов Виктор**. Абы депутатхэм я пащхьэ ирилъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» законым и проектыр. Абы еубзыху «ЩIым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэм я IуэхукIэ», «Дыкъэзыухъуреихь дунейр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхъумэным и IуэхукIэ», «ЛэжьапIэ IэнатIэхэмрэ унагъуэхэмрэ я кIэрыхубжьэрыхухэм я IуэхукIэ», «Атмосферэ хьэуам ехьэлIа Iуэхухэр зэблэгъэкIыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр. Ахэр нэхъыбэу зыхуэгъэзар къэрал кIэлъыплъыныгъэр къызэрызэрагъэпэщ, зэрырагъэкIуэкI щIыкIэр гъэтэмэмыжынырщ, кIэлъыплъыныгъэм ехьэлIауэ щыIэ егъэлеиныгъэхэр къызэнэкIынырщ. А псоми япкъ иткIэ къэрал кIэлъыплъыныгъэм и системэ зэтрагъэувэну, ар зэIухауэ егъэкIуэкIыныр къызэрагъэпэщыну я мурадщ. Законхэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм хеубыдэ экономикэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэ IуэхущIапIэхэм, хьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным ехьэлIа Iуэхухэри.

Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуIуныкIэ, регламентымкIэ, депутат щэнхабзэмкIэ комитетым и унафэщI **Щыхъэлы Заирэт** зэIущIэм къыщыхилъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым и 33, 34 статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законым и проектыр. Ар ягъэхьэзыращ республикэм и законхэр зэрагъэзащIэм теухуа парламент кIэлъыплъыныгъэр ирагъэфIэкIуэн мурадкIэ. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, парламент кIэлъыплъыныгъэм хиубыдэу республикэм и законхэр гъэзэщIа зэрыхъум зэпымыууэ хэплъэнущ, апхуэдэу мы къалэным ехьэлIа едэIуэныгъэхэмрэ зэIущIэхэмрэ къызэрагъэпэщынущ.

КъаIэрыхьа тхыгъэхэм хэплъэри, депутатхэм унафэ къащтащ «КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ В.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академие» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал еджапIэр илъэс 30 зэрырикъум и щIыхькIэ Бицу Маринэ - «IуэхущIапIэм и менеджмент» кафедрэм и доцентым, Бэгъуэт Хьэмидбий - сату IуэхухэмкIэ кафедрэм и унафэщIым, Гордеев Анатолий - егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ проректорым гъэсэныгъэ IуэхухэмкIэ и дэIэпыкъуэгъум, КIуащ Ахьмэдхъан - физкультурэмкIэ кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжьым, МэкIэтIай Индирэ - фIагъымрэ мылъкур зегъэкIуэнымкIэ кафедрэм и доцентым, Михитай Владимир - физкультурэмкIэ кафедрэм и унафэщIым, Шукамбаевэ Зинаидэ - щIэныгъэ библиотекэм и унафэщIым и къуэдзэм, Хьэжмэт Луан - «Теоретическая и прикладная механика» кафедрэм и унафэщIым, Хъуран Светланэ - егъэджэныгъэмкIэ къудамэм и унафэщIым КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъ етыным теухуауэ. Жылагъуэ-политикэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ апхуэдэу КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъ хуагъэфэщащ Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и «Зольские вести» газетым и къудамэм и редактор Савойский Владимир.

ЗэIущIэм нэгъуэщI Iуэху зыбжанэми щытепсэлъыхьащ.

УРЫСМАМБЭТ Бэллэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.

Япэ Президентыр ягу къагъэкIыж

Iуащхьэмахуэ районым щагъэлъэпIащ КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ къызэралъхурэ илъэс 70 зэрырикъуар. КIуэкIуэр къыщалъхуа Тырныауз къалэм Абаев СултIанбэч и цIэр зэрихьэу дэт музыкэ школым щызэхуэсащ район, къалэ администрацэхэм я лэжьакIуэхэр, предприятэхэм, IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

IУАЩХЬЭМАХУЭ муниципальнэ районым щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и советым и тхьэмадэ Отаров Исмаил къыщыпсалъэм къыхигъэщащ КIуэкIуэ Валерэ къарууэ иIэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зегъэужьыным, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, ди щIыналъэм мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щыгъэбыдэным зэрыхуигъэпсар: «Ар республикэм и Iэтащхьэу щыува 1992 гъэр Кавказым и дежкIэ икъукIэ гугъут, ди дежи политикэ зэныкъуэкъухэр къыщIыхъурт. Ауэ КIуэкIуэм хэлъа акъылымрэ ерыщагъымрэ я фIыщIэкIэ, ди деж лъыгъажэ зауэ къыщыхъеякъым».

КIуэкIуэ Валерэ и ныбжьэгъуу щыта, «Чернобыль» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Кучмезов Алий къыхигъэщхьэхукIащ КъБР-м и япэ Президентыр лъэпкъ псом я цIыху пашэу, гулъытэрэ гу щабагърэ хэлъу зэрыщытар.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъа псоми къыхагъэщащ КIуэкIуэ Валерэ къэрал псом пщIэшхуэ зэрыщиIар, 90 гъэ гугъуехэм ди лъэпкъитIым я зэхуакум къыдэхъуа зэныкъуэкъур абы и фIыгъэкIэ къызэднэкIын зэрытхузэфIэкIар, республикэр зэгуэмыкIыу къызэрызэтенар.

ГуфIэгъуэ пщыхьэщхьэм я зэфIэкIхэр щагъэлъэгъуащ музыкэ школым щеджэхэм.

Апхуэдэу район музейм КъБР-м и япэ Президентыр илъэс 70 зэрырикъум и щIыхькIэ школхэм я еджакIуэхэм я творческэ зэпеуэ, КIуэкIуэ Валерэ теухуа тхыгъэхэмрэ сурэтхэмрэ я стенд къыщызэрагъэпэщащ.

ТАРИМ Алисэ.

● Бахъсэн куей

Iэщ гъэхъуным зеужь

Iэщ гъэхъуным гулъытэ ин хуэзыщI мэкъумэш IэнатIэхэм ящыщщ Бахъсэн куейм щызэхэт «Заря» НП-р.

АБЫ И УНАФЭЩI Хьэлупщы Арсен емызэшу IэнатIэм зэрыпэрытар Iэужьыншэ хъуакъым: нобэ мы IуэхущIапIэм Iэщу иIэр лъэпкъыфI защIэщ, жэм кърашхэм я бжыгъэми хагъахъуэ зэпытщ. Илъэсыр къызэрихьэрэ жэм къэс ику иту шэ килограмм 3500-м щIигъу къащIашащ. Нобэ фермэм зы махуэм хуэзэу къащыIэрохьэ килограмм 1500-рэ. Зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI жэмышхэм яхэтщ зы жэмым килограмм 12-м нэс къыщIэзышхэр.

«Заря» НП-м нобэ иIэ ехъулIэныгъэхэр куэдкIэ елъытащ жэмэщхэр къызыхуэтыншэу, иджырей мардэхэм тету къызэрызэгъэпэщам: ахэр хуабэщ, хуитщ, нэхущ, гъэмахуэр щыхуабэ ямылейм и деж жьыху къагъэсэбэп. Апхуэдэу мы мэкъумэш IэнатIэм лэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкIуэкI Iэщыр къэуат зыщIэлъ IусыпхъэхэмкIэ гъэ псом къызэгъэпэщыным теухуауи.

Фермэм и IэщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, псом нэхърэ нэхъ зытрагъэащIэр концентрат лъэпкъи зыхэмылъ силос щхъуантIэрщ. Ар витамин лIэужьыгъуэ куэдкIэ гъэнщIауэ зэрыщытым Iэщхэм я узыншагъэри ирегъэфIакIуэ, гъэш къабзэ къыщIашынуи Iэмал къарет.

● Лэскэн куей

Нартыхур Iуахыж

Лэскэн куейм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и управленэм и унафэщI Куэшей Исмэ щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, мы гъэм нартыхуу гектар мини 9-м нэблагъэ яIэщи, абы щыщу мини 3-р кърахьэлIэжащ, махуэ уэфIхэр къагъэсэбэпурэ, къэнэжахэри зэрызэщIакъуэным йоужьэрэкI.

ХЭГЪУЭР къыщIызытеувыIэн нэгъуэщI щхьэусыгъуэ яIэкъым: мэкъумэш техникэмрэ дагъэгъэсыныпхъэхэмкIэ нэсу къызэгъэпэщащ, нартыхур къэзыхыж комбайнхэм я ужь иту механизаторхэм щIыр занщIэу явэ.

Лэскэн куейм сыт щыгъуи хадэхэкI бэв къыщрахьэлIэжу зэрыщытам нoби тетщ. Къапщтэмэ, ди республикэм хадэхэкIыу щыхасэм и процент 20-р къэзыгъэкIыр мыхэрщ. Я хадэхэкIхэр нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщрамышэкIыу езыхэр абы елэжьыжынуи Iэмал ягъуэт. Апхуэдэ Iуэху къызэгъэпэщыкIэм и фIыгъэкIэ, мылъкур зэгъэзэхуа мэхъу.

Мы куейм кIуэ пэтми зыщрагъэубгъу пхъэщхьэмыщхьэ жыг хадэхэми. Абыхэм иджырей технологие мардэхэм тету зэрелэжьыным иджыпсту щыщIэдзауэ зыхуагъэхьэзыр.

«Адыгэ псалъэ» газетыр къагъэсэбэпкIэрэ, Лэскэн районым и мэкъумэш управленэм и IэщIагъэлIхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм йохъуэхъу бэр зыщыгугъ бжьыхьэ лэжьыгъэхэр ехъулIэныгъэкIэ къраххьэлIэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуащIын хуэдэу, я зэфIэкIыр нэхъри хагъэхъуэну.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Вицин Георгий Налшык къалэм щохьэщIэ

1977 гъэм и бжьыхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуащ икIи зэIущIэ гуапэ зыбжанэ иригъэкIуэкIащ СССР-м и цIыхубэ артист Вицин Георгий Михаил и къуэм. Киноактер цIэрыIуэм и гуащIэм фIыуэ щыгъуазэхэм упщIэ куэд яIэт, ауэ дэтхэнэ зыми и жэуапыр хьэзырт.

Вицин Георгий и гъуэгугъэлъагъуэу и гъусащ адыгэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Гъэсашэ Наталие.

КъБР-м Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэр Мэлбахъуэм и цIэр зэрихьэу Налшык дэт лъэпкъ библиотекэм къекIуалIэ тхылъеджэ ныбжьыщIэхэм яIущIащ.

ЗЭ ХЫХЬЭР теухуат «ЩIэблэщIэ 07» фIэщыгъэм щIэту ЩIалэгъуалэ палатэм иджыблагъэ къыхилъхьа проектыщIэм къызэщIиубыдэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэмрэ абы елэжьыфын, ар купщIафIэу гъащIэм хэзыпщэн щIалэгъуалэ зэчиифIэхэр къыхэхынымрэ. Къапщтэмэ, «ЩIэблэщIэ 07»-р хуэунэтIащ мы зэманым IэнатIэншэу щыс IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэмрэ зыхуеджам ирилэжьэну Iэмал ямыгъуэту нэгъуэщI IэнатIэхэм увахэмрэ сэтей къэщIауэ, лэжьыгъэ зыт унафэщIхэм ахэр яхуэгъэзэным.

Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщI Шыпш Аслъэн къыщыпсалъэм къыхигъэщащ проектым къыщыхьа Iуэхухэр ипэкIэ гъэкIуэтэнымкIэ школакIуэхэмрэ студентхэмрэ гугъапIэ щхьэхуэхэр зэрырапхыр. Ар тепсэлъыхьащ ди республикэм и щIалэгъуалэм я Iуэху зыIутым теухуауэ нобэ зытегузэвыхьхэр зэфIэгъэкIыным хуэунэтIа хэкIыпIэ купщIафIэхэр къэзыгъэлъагъуэ дэтхэнэ зы ныбжьыщIэми Палатэр дэлэжьэну зэрыхьэзырыр.

● ЩIалэгъуалэ Iуэху

КъэкIуэнум фIыкIэ щогугъ

ЗэIущIэр къызэзыгъэпэщахэм жэуап иратащ кърагъэблэгъа щIалэгъуалэм я упщIэ псоми. Ахэр нэхъыбэу теухуат ЩIалэгъуалэ палатэр къызэрызэрагъэпэщрэ зэфIигъэкIа къалэнхэм, абы ухыхьэн папщIэ лэжьыпхъэхэм. Зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ къызэхуэса ныбжьыщIэхэм къыхалъхьа Iуэху зыбжанэми. Псом хуэмыдэу гулъытэ хуащIащ тхылъ щеджэ къудей мыхъуу, щIалэгъуалэр зыгъэпIейтей IуэхухэмкIэ щызэпсэлъылIэн пэш щхьэхуэхэр библиотекэхэм щылэжьэныр икъукIэ зэрыигъуэм.

ЗэIущIэм и кIэухым абы хэтахэр зэгурыIуащ мыпхуэдэ зэхуэсхэр щIэх-щIэхыурэ ирагъэкIуэкIыну. Зи Iу эху еплъыкIэ ягу ирихьахэр адэкIэ ядэлэжьэну ирагъэблэгъащ.

● Дзэлыкъуэ куей

Къуажэхэр нэхъ къабзэ мэхъу

2011 гъэр къызэрихьэрэ Дзэлыкъуэ районым щIыпIэхэр зэщIэгъэкъэбзэным теухуа лэжьыгъэхэр щызэпыуакъым.

ИДЖЫБЛАГЪЭ мыбы къыщапщытэжащ иужьрей мазищым кърикIуахэр. Апхуэдэу мы куейм щагъэбелджылащ къабзагъэм теухуа лэжьыгъэхэр фIы и фIыжу къезыхьэлIа жылагъуэхэр.

Къуажэхэр щырыщу гуэшауэ къыхахащ. Япэ увыпIэр зратахэм хиубыдащ Дзэлыкъуэкъуажэр, Сэрмакъыр, Малкэр. ЕтIуанэ гупым Псынэдахэр, Светловодскэр, Чыщбалъкъыр. Ещанэм хыхьащ Белокаменскэ, Приречнэ, ЯтIэкъуэ къуажэхэр. Бжьыпэр зыубыдахэм сом мин 50, къыкIэлъыкIуэм - сом мин 30, ещанэм - сом мин 20 иратащ.

Дзэлыкъуэ район, къуажэ администрацэхэм зэгъусэу мы илъэсым ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм япкъ иткIэ зыхуей хуагъэзащ уэрамхэр, жыгхэр яхъунщIащ, пхъэнкIий идзыпIэхэр, удз гъэгъа гъэкIыпIэхэр щIэуэ ящIащ, щхъуантIагъэхэмрэ жыгыщIэхэмрэ куэду хасащ, псыхъуэхэм дэлъ кIэрыхубжьэрыхухэр зэщIакъуащ. Къабзагъэм ехьэлIа лэжьыгъэхэр щIымахуэ дытехьэху зэпыунукъым. Мы Iуэхум елэжь бригадэхэр техникэкIи нэсу къызэгъэпэщащ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм информацэ Iуэхум зыщегъэужьынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж щыIэ ЗэзыгъэуIу советым хэтхэм я IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м *№306-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм информацэ Iуэхум зыщегъэужьынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж щыIэ ЗэзыгъэуIу советым хэтхэр къэщтэн, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Информацэ Iуэхум зыщегъэужьынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж щыIэ ЗэзыгъэуIу советым хэтхэм я IуэхукIэ» 2010 гъэм мазаем и 25-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа Унафэ №15-ПП-м и пункт 2-м и ещанэ абзацым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ГЕРТЕР Иван

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м къыдигъэкIа Унафэ №306-ПП-мкIэ къищтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм информацэ Iуэхум зыщегъэужьынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж щыIэ ЗэзыгъэуIу советым

ХЭТХЭР

Абрэдж I. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэр *(ЗэзыгъэуIу советым и унафэщIщ)*

Къалэ З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я IуэхухэмкIэ управленэм и унафэщIыр *(ЗэзыгъэуIу советым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

Мусуков А. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министрыр *(ЗэзыгъэуIу советым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

Шипов В. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкIэ, связымрэ информатизацэмкIэ и министрыр *(ЗэзыгъэуIу советым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

Амщокъуэ Ф. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрыр

Атаманенкэ Ю. Н. - Май муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Бышэн А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финанс-хэмкIэ и министрыр

Васильев С. В. - къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр *(зэгурыIуауэ)*

Ешыгуауэ Р. Ш. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарыр

Иуан П. М. - Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и IуэхущIапIэм - Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием Информатикэмрэ щIыналъэм зегъэужьыным пыщIа IуэхухэмкIэ и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Къылъшыкъуэ А. И. - «Опора России» хьэрычэт Iуэху цIыкIумрэ курытымрэ ядэIэпыкъунымкIэ Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Къумыкъу А. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я IуэхухэмкIэ управленэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и порталыр зехьэнымкIэ и IэнатIэм и унафэщIыр *(ЗэзыгъэуIу советым и секретарщ)*

Мэшыкъуэ Б. М. - «Ростелеком» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и Къэбэрдей-Балъкъэр IуэхущIапIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Павленкэ И. В. - Урысей Федерацэм и Федеральнэ хъумакIуэ IуэхущIапIэм Связымрэ информацэмкIэ и центр хэхауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

Савинцев А. П. - «Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэм щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмрэ информатизацэмкIэ и проректорыр *(зэгурыIуауэ)*

Сунш А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымкIэ и министрыр

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр

Хьэгъэс З. А. - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Щокъарэ З. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм и унафэщIыр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и пресс-секретарыр

Щхьэгъэпсо С. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

Унафэм къару егъуэт

● КъБР-м и прокуратурэм

Урысей Федерацэм и УК-м и 209-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм, 162-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм и «а» пунктым къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэхэр зэралэжьамкIэ ягъэкъуаншэхэу Къурмэн А., Хьэмдэхъу М., Бекъул И., Моллаев А., Джэрыджэ Н. сымэ яхуэгъэзауэ 2011 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21-м КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм къищта унафэр УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм уголовнэ IуэхухэмкIэ и суд коллегием фокIадэ кIуам и 21-м зэрыщытауэ къигъэнэжащ, ягъэтIысахэм я кассацэ тхьэусыхафэ хэри лъабжьэншэу къилъытащ.

ПРИСЯЖНЭ заседателхэм я коллегиер хэту, КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэр хэплъащ ягъэкъуаншэхэу Къурмэн А., Хьэмдэхъу М., Бекъул И., Моллаев А., Джэрыджэ Н. сымэ я уголовнэ Iуэху №70/44-10-м.

2011 гъэм накъыгъэм и 27-м присяжнэ заседателхэм къащта унафэмкIэ, зи суд ящIэхэм мыпхуэдэ щIэпхъаджагъэ хэр ялэжьауэ къалъытащ:

Къурмэн А. - УФ-м и УК-м и 210-нэ статьям и 2-нэ IыхьэмкIэ (щIэпхъаджащIэ гупым зэрыхэтамкIэ); УФ-м и УК-м и 209-нэ статьям и 2-нэ IыхьэмкIэ (зэщIэуэзэда бандэ гуп зэкъуэтым хэту цIыхухэм зэрытеуамкIэ);

УФ-м и УК-м и 162-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм и «а» пунктымкIэ (хамэ мылъку къидыгъун мурадкIэ, цIыхум и гъащIэмрэ и узыншагъэмрэ дежкIэ шынагъуэ зыпылъ щIэпхъаджагъэ зэрилэжьамкIэ, зэщIэуэзэда гупым хэту IэщэкIэ зэрытеуамкIэ);

УФ-м и УК-м и 222-нэ статьям и 3-нэ IыхьэмкIэ (2008 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м къыщыщIэдзауэ 2009 гъэм гъатхэпэм и 12 пщIондэ Iэщэр, абы и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр, шэхэр зэщIэгъэуIуа гупым хуимыту зэрызэIэригъэхьамкIэ, зэрихъумамкIэ, зэригъэIэпхъуамкIэ. зэрызэрихьамкIэ);

УФ-м и УК-м и 222-нэ статьям и 3-нэ IыхьэмкIэ (2009 гъэм мазаем и 11 пщIондэ Iэщэр, абы и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр, шэхэр хуимыту зэрызэIэригъэхьамкIэ, зэрихъумамкIэ, зэригъэIэпхъуамкIэ, зэрызэрихьамкIэ).

Хьэмдэхъу М. - УФ-м и УК-м и 210-нэ статьям и 2-нэ IыхьэмкIэ (щIэпхъаджащIэхэм я зэгухьэныгъэм зэрыхэтамкIэ);

УФ-м и УК-м и 209-нэ статьям и 2-нэ IыхьэмкIэ (зэщIэуэзэда бандэ гуп зэкъуэтым хэту цIыхухэм зэрытеуамкIэ);

УФ-м и УК-м и 162-нэ статьям и 4-нэ IыхьэмкIэ (нэгъуэщIым и мылъку къидыгъун мурадкIэ, цIыхум и гъащIэмрэ и узыншагъэмрэ дежкIэ шынагъуэ зыпылъ щIэпхъаджагъэ зэрилэжьамкIэ, зэщIэуэзэда гупым хэту IэщэкIэ зэрытеуамкIэ);

Бекъул И. - УФ-м и УК-м и 210-нэ статьям и 2-нэ IыхьэмкIэ (щIэпхъаджащIэхэм я зэгухьэныгъэм зэрыхэтамкIэ);

УФ-м и УК-м и 209-нэ статьям и 2-нэ IыхьэмкIэ (зэщIэуэзэда бандэ гуп зэкъуэтым зэрыхэтамкIэ);

Джэрыджэ Н. - УФ-м и УК-м и 209-нэ статьям и 2-нэ IыхьэмкIэ (зэщIэуэзэда бандэ гуп зэкъуэтым зэрыхэтамкIэ);

Моллаев А. - 2011 гъэм накъыгъэм и 27-м, зэрагъэкъуаншэ псори щхьэщахри, присяжнэхэм я унафэм къеджа нэужь, яутIыпщыжащ.

Присяжнэ заседателхэм къащта унафэм ипкъ иткIэ, Къурмэн А., Хьэмдэхъу М., Бекъул И. сымэ бзаджащIэхэм я зэгухьэныгъэм къызэрыхэкIыжар икIи езыхэм ялэжьа щIэпхъаджагъэхэр къыщIэгъэщынымкIэ жыджэру сэбэп зэрыхъуар зэхагъэкIауэ къалъытащ. УФ-м и УК-м и 210-нэ статьям и гуэдзэным зэрыщыубзыхуам тету, прокурорхэм къыхалъхьэри, УФ-м и УК-м и 210-нэ статьям и 2-нэ IыхьэмкIэ ягъэкъуаншэхэм уголовнэ жэуапыр щхьэщахащ. Хуимыту зыIэригъэхьа, ихъума Iэщэмрэ шэхэмрэ хэгъэзыхь хэмылъу зэритам папщIэ, 222-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа IуэхугъуитIкIэ Бекъул А. уголовнэ жэуапыр хуагъэщэбащ.

Присяжнэ заседателхэм къащта унафэмкIэ зи суд ящIэхэм яхудэпчых хъуну къызэралъытам, дэтхэнэми илэжьа щIэпхъаджагъэхэр зыхуэдэмрэ абыхэм я хьэлъагъымрэ, апхуэдэу зэщIэгъэуIуа зэгухьэныгъэм хэгъэзыхь хэмыту къызэрыхэкIыжам, щIэпхъаджагъэхэр къыщIэзыгъэщхэм жыджэру зэрадэIэпыкъуам къыхэкIыу, къэралым и цIэкIэ зыгъэкъуаншэхэм къыхалъхьэри, УФ-м и УК-м и 64-нэ статьям зэрыщыжиIэм, зыхуэфащэ статьяхэм къызэрыщыгъэлъэгъуам тету, тезыр нэхъ мащIэ дыдэр тралъхьащ.

2011 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21-м КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и унафэкIэ, абыхэм я судыр мыпхуэдэу ящIащ:

Къурмэн А. - УФ-м и УК-м и 209-нэ статьям и 2-нэ IыхьэмкIэ (64-нэ статья) - илъэси 3-рэ мази 10-кIэ; УФ-м и УК-м и 162-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм и «а» пунктымкIэ (64-нэ статья) - илъэси 3-рэ мази 8-кIэ; УФ-м и УК-м и 69-нэ статьям и 3-нэ IыхьэмкIэ - хабзэ ткIий здэщыIэ колонием илъэси 4-кIэ щаIыгъыну ягъэтIысащ.

Хьэмдэхъу М. - УФ-м и УК-м и 209-нэ статьям и 2-нэ IыхьэмкIэ (64-нэ статья) - илъэси 3-рэ мази 10-кIэ; УФ-м и УК-м и 162-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм и «а» пунктымкIэ (64-нэ статья) - илъэси 3-рэ мази 8-кIэ; УФ-м и УК-м и 69-нэ статьям и 3-нэ IыхьэмкIэ - хабзэ ткIий щызекIуэ колонием илъэси 4-кIэ исыну ягъэтIысащ.

Бекъул И. - УФ-м и УК-м и 209-нэ статьям и 2-нэ IыхьэмкIэ (64-нэ статья) - хабзэ ткIий здэщыIэ колонием щаIыгъыну илъэси 3-рэ мази 10-рэ тралъхьащ.

Джэрыджэ Н. - УФ-м и УК-м и 33-нэ статьям и 5-нэ IыхьэмкIэ, 209-нэ статьям и 2-нэ IыхьэмкIэ хабзэ ткIий щызекIуэ колонием илъэси 4 щихьыну ягъэтIысащ.

Унафэм къару игъуэтащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.

● ЩIыналъэхэр

Къэралырщ псори къызыбгъэдэкIыр

Камчаткэм и къулыкъущIэхэмрэ депутатхэмрэ Москва и Iэшэлъашэхэм щаIэщ псэуалъэ дэгъуэхэмрэ вертолетхэмрэ

Зи гугъу тщIы щIыналъэм куэд щIауэ и щхьэ хуэгъэпсэужыфыркъым: промышленность зызыужьа щыIэкъым, цIыхухэр щыкъулейсызщ. Илъэс къэс ищхьэкIэ къыщыхурадзых сом мелардхэр. А ахъшэхэр псынщIэ дыдэу икIи хэIущIыIу мыхъуу мэкIуэщI. АрщхьэкIэ мыбы щымащIэкъым тхъэжу псэухэр. Абыхэм ящыщ куэдым цIыхухэр щыгъуазэкъым.

«УРЫСЕЙ зэкъуэт» партым и щIыпIэ къудамэм и пашэ, абы къыдэкIуэуи щIыналъэм и Хабзэгъэув зэхуэсым и унафэщI Невзоров Борис нэгъабэ сом мелуанищрэ мини 117-рэ хэхъуэу къыIэрыхьащ, абы ита декларацэм тепщIыхьмэ. Апхуэдизу ахъшэшхуэкъым къулыкъу ин зыIыгъ цIыхум и дежкIэ. АрщхьэкIэ абы зыхуей псори игъуэту лэжьэн папщIэ къыдэIэпыкъуащ и щхьэгъусэр: а бзылъхугъэм и хэхъуэхэр сом мелуан 24-м щIигъуащ. Ар унагъуэм и дежкIэ мылъку хъарзынэщ. Зэщхьэгъусэхэр Березовская уэрамым щопсэу. Абых эм Москва областым щIы щаIэщ, унэхэр, фэтэрхэр, акцэхэр, уэсырыкIуэ машинэхэр, «Лексус» автомобиль, нэгъуэщI куэдхэри яйщ.

Невзоровым и къуэдзэ Гранатов Роман 2010 гъэм сом мелуани 4-м щIигъу къилэжьауэ тхылъ итащ. Абы и щхьэгъусэр зы щIыпIи щылажьэркъым. Ауэ, итIани, ахэр къулей дыдэщ: зы щIы гектар яIыгъщ, фэтэрхэр, псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ 1300-рэ мэхъу, коттеджу 3, БМВ х 6, «Тойота», «Лексус», «Хаммер Н1» автомобилхэр, апхуэдэу катер, кхъуафэжьей зыкъизых, уэсырыкIуэ машинэхэу зыбжанэ яIэщ.

Унафэщ Iхэм зыкъыкIэрамыгъэхуну хущIокъу Камчаткэм и депутат къызэрыгуэкIхэми. Абыхэм ящыщ куэдым я дежкIэ парламент лэжьыгъэр нэхъыщхьэу щыткъым, абы къыхэкIыуи, я хэхъуэхэр зыхуэдизыр хэIущIыIу ящIакъым. Дэ пыухыкIауэ жытIэфынукъым абыхэм я хэхъуэхэр зыхуэдизыр. Ауэ, дызыщыгъуазэри, тфIэтелъыджащ. Парламентарийхэм ящыщу нэхъ пщIэшхуэ дыдэ зыхуащI сенатор Пономарев Валерий и автомобилхэм хуэдэ щIыналъэм щыIэу къыщIэкIынкъым: палатэ ищхьэм хагъэхьэн и пэкIэ абы иIащ «Бенли Арнаж R», «Бенли Континенталь GT», «Феррари F 430», «Порше Койян Турбо» машинэ дэгъу эхэр. Депут ат Полукаров Василий иIэр зы «Бентимрэ» «Мерседесрэт», абы и лэжьэгъу Евтушок Игорь къахихыфар «МерседеситIт».

Ауэ депутат Иванчей Александр иджыри къэс езым и автомашинэ иIакъым - зэрызекIуар Ми-2 вертолетырщ.

2007 гъэ лъандэрэ Камчаткэм и хабзэгъэув зэхуэсым и зэIущIэхэм щIэсыр щIыналъэ бизнесым кууу э хэтхэрщ. Псом хуэмыдэу бдзэжьей Iуэхум бжьыпэр щызыIыгъхэрщ. Ахэр псори пэрыуэншэу парламентым хыхьащ, «Урысей зэкъуэт» партыр къагъэсэбэпри.

АрщхьэкIэ Камчаткэм фIыуэ щыпсэухэр бдзэжьей къэзыубыд икIи зыщэ депутатхэм я закъуэкъым. А къулеигъэхэр къызэрагъэсэбэпым кIэлъыплъ къулыкъ ущIэхэри мэтхъэж. Псалъэм и хьэтыркIэ, Бдзэжьей ещэнымкIэ федеральнэ агентствэм и Ищхъэрэ-КъуэкIыпIэ къудамэм и Iэтащхьэ Широков Евгений Авачэ псы дыхьэпIэм (дунейм щынэхъ дахэхэм ящыщ зым) и теплъэ зиIэ унэ уардэ ищIащ. «Россельхознадзорым» и камчаткэ къудамэм и унафэщIу щыта Доморацкий Сергей «Урысей зэкъуэтым» и щIыпIэ Iэтащхьэм и гъунэгъуу Березовэ уэрамым щопсэу, къатищу зэтет унэ уардэм щIэсу.

Япэжыжьэкъым ФСБ-м генералу къыхэкIыжа Лаухин Евгений и лъапсэ телъыджэри. Дэ хуабжьу дегугъуу щыгъуазэ зытщIащ зиусхьэн Доморацкэмрэ Лаухинрэ я къекIуэкIыкIам. Абыхэм ящыщ зыри зэи хьэрычэтыщI лэжьыгъэм хэтакъым. Я гъащIэ псор абыхэм зытраухуар къэрал IэнатIэрщ: къ улеигъэхэр яхъумэнырщ, шпионхэр къаубыдынырщ, н.къ. УщIэмыупщIэн плъэкIыркъым: атIэ я улахлуэм щыщ дэтхэнэ сомри дадзыхыурэ, абыхэм апхуэдиз мылъку яугъуеяуэ пIэрэ?

ЖытIэнщи, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэ куэдри ауэ жыжьэуи къулейсызкъым. Петропавловск и прокурор Волосюк и къалэм къыщежыхь «Хаммер» фIыцIэкIэ. Абы нэхърэ къулыкъукIэ нэхъ лъахъшэ прокурорхэм я зэфIэкIыр нэхъ мащIэщ - ахэр зэрысыр «Лексусхэрщ», «Тойотэхэрщ». Абыхэм яхуэдэщ чекистхэр, таможнэ лэжьакIуэхэр, гъ унапкъэхъумэхэр. Автомобиль гъэувыпIэхэм уахэплъэмэ, уи гур хохъуэ: щытхэр машинэ зэгъэпэща защIэщ...

Псом хуэмыдэу зи Iуэху къикIар хьэкумэщIхэрщ. Абыхэм зы илъэсым къалэжь сом мелуанитIым щIигъу, я унафэщIх эм сом мелуаниплI-тху яIэрохьэ.

АхъшэкIэ гугъу ехьу пхужыIэнукъым бюджетым къыхэкI мылъку м ирипсэухэри. Федеральнэ казначействэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщIхэм я улахуэхэр инкъым - сом мин 200-ми нэсыркъым. АрщхьэкIэ замыгъэмэжэлIэн папщIэ абыхэм зы илъэсым саугъэту сом мелуани 8 - 10 зыщыхуатхыж къэхъуащ.

АтIэ Камчаткэм фIыуэ щыпсэур къулыкъущIэхэмрэ депутатхэмрэ я закъуэ? Дауи, я закъуэкъым. Къэралым и кIэлъыплъыныгъэм щIэт IэнатIэ щхьэхуэхэм я Iэтащхьэхэми я Iуэху Iейуэ пхужыIэнукъым. Псалъэм и хьэтыркIэ, электрокъарурэ хуабэрэ зыщэ «Камчатскэнергом». ЩIыналъэм абыхэм щауасэр Урысейм щынэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщщ. АрщхьэкIэ энергетикхэм къулейсызу, яIэрыхьэн хуей ахъшэм хуэдиз цIыхухэм ирамыту фэ зытрагъауэ - инвестицэхэр, кIапсэхэр, Iэмэпсымэхэр зэрызэрахъуэкIыну мылъкур сыт щыгъуи къомэщIэкI..

АрщхьэкIэ улахуэ и лъэныкъуэкIэ я Iуэхур Тхьэм узэрелъэIунщ. Энергокомпанием и унафэщI нэхъыщхьэм зы мазэм сом мелуанрэ мин 200-рэ къелэжь (язынык ъуэхэм жаIэ а бжыгъэр мелуанитIым щхьэдэхыу).

Энергетикхэм я лэжьыгъэр казначейхэм я IэнатIэм хуэдэу зэрыхьэлъэр къалъытауэ, ахэр щIэх-щIэхыурэ ахъшэ саугъэтхэмкIэ ягъэпажэ. УнафэщI нэхъыщхьэм къыIэрыхьэр сом мелуан 14-м щынэс щыIэщ.

Апхуэдэ мылъку щызэрагъакIуэ икIи фIыгъуэ инхэр здэщыIэ щIыналъэр тхьэмыщкIэ дыдэщ. Мыбы къулейхэмрэ къулейсызхэмрэ хуабжьу щызэщхьэщыкIащ. ЦIыху минхэр зыхуей псори ягъуэту, жыпIэнурамэ, тхъэжу щопсэу, ауэ цIыху минипщIхэм я сомитI яхузэпыгъэувэркъым: яIэрыхьэ псори ерыскъымрэ ЖКХ-мрэ ятокIуадэ.

ХИТРОВ Владимир.
«Новая газета».

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

●УпщIэ - жэуап

Дэнэ здэкIуар дыкъызэрагъэгугъахэр?

Министру щылэжьам Кудрин жиIауэ щытащ пенсэхэм хагъэхъуэн папщIэ налогхэр, пенсэ щагъакIуэ ныбжьыр къаIэтын фIэкIа нэгъуэщI Iэмал щымыIэу. АтIэ дэнэ здэкIуар апхуэдизу ягъэвуа пенсэ реформэр? Ужьыхыжа?

ГОВОРИН Н., *Новосибирск*

А УПЩIЭМ жэуап ирет Экономикэм и школ нэхъыщхьэм Соцполитикэмкlэ и унафэщI **Смирнов Сергей**:

- Властым цIыхухэр куэдкIэ къигъэгугъащ пенсэ реформэ щригъэкIуэкIым: нэхъ хэкъузауэ фылажьэ, нэхъыбэ къэвлэжь, итIанэ пенсэфI къыватынущ. АрщхьэкIэ пенсэ Iуэхур зэрагъэува щIыкIэм занщIэу холъагъуэ: сыт хуэдиз ахъшэшхуэ къэблэжьами, жьы ущыхъуам и деж къуатыжынур жьгъейщ. Пенсэр факъырэ Iусым хуэкIуащ. ИкIи иджы ди реформатор щхьэ псынщIэхэм нэгъуэщI къахуэнэжыркъым цIыхубэм нэхъри нэхъыбэж къызэрыIахынумкIэ заумысыжын фIэкIа. Налогхэм хэхъуэу щIидзакIэщ. ИкIи, къэрал унафэщIхэм дыкъызэрагъэгугъахэм темыщIыхьауэ, пенсэм щагъакIуэ ныбжьыр гува-щIэхами драгъэуеинущ. Ауэ абы папщIэ япэ щIыкIэ цIыхухэм я псэукIэр ирагъэфIэкIуэн хуейщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, иджыпстукIэ цIыхухъухэм я нэхъыбэр илъэс 60 фIэкIа псэуркъым! Абы къыдэкIуэуи бизнесым зыщIагъэкъуэн хуейщ, лэжьапIэ IэнатIэхэр къызэIуихын папщIэ. ХьэрычэтыщIхэм езыхэм я IэнатIэхэр ирагъэфIакIуэмэ, улахуэхэр къаIэтмэ, къулыкъущIэхэр Iуэхум хэмыхьэххэу, нэхъыжьхэр пенсэ ныбжьым и ужькIи лэжьэнущ.

Хэт дызыхъумэнур?

2011 гъэм и бжьыхьэм дзэм ираджэхэм я бжыгъэр хуэдитIым нэскIэ ягъэмэщIэнущ. Хэт атIэ ди Хэкур зыхъумэнур?

ПЕТРАСОВ А., *Хабаровск*

ПЭЖЩ, иджыкIэ ираджэнур цIыху мини 135-рэщ, илъэс и пэкIэ ираджауэ щыта цIыху мин 270-м и пIэкIэ. АрщхьэкIэ абы къишэнукъым дзэм и къарур ехуэхыныр. Ар къызыхэкIри ираджэнухэм зэфIэкIышхуэ ябгъэдэлъу аракъым, атIэ ди щIалэхэр зэрылъэрымыхьырщ. «Дэ къызэрытлъытэмкIэ, зы илъэскIэ дзэм ираджам и зэфIэкIыр здынэсыр контракткIэ къулыкъу зыщIэм лъэкIым и проценти 10 къудейщ, - жеIэ Экономикэ институту Гайдар Егор и цIэр зезыхьэм дзэм егъэщIылIа Iуэхухэмкlэ и лабораторэм и унафэщI Цымбал Виталий. - Аращи, хэщIыныгъэр инынукъым. Абы щыгъуэми контракткIэ къулыкъу зыщIэхэм илъэсыщIэм къыщыщIэдзауэ ахъшэу иратым зыкъомкIэ хагъэхъуэну къагъэгугъэ. Уегупсыс зэрыхъунумкIэ, ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэр хьыну хуейхэр куэду къыхуэкIуэну. Ар къайхъулIэнрэ къайм... гъуэкъым. Дэ езыхэм ...

●Бдзэжьей

Хабзэншагъэм егъэгъхъэусыхэ

Камбоджэмрэ Сьеррэ-Леонымрэ я бэракъхэм щIэт кхъухьхэм хабзэншагъэмкIэ къаубыда бдзэжьейхэр дяпэкIэ Урысейм ирашыфынукъым. Къэралищыр зэгурыIуащ УФ-м и тенджызхэм хуитыныгъэ ямыIэу къыхыхьэхэм япэщIэтыну. Къэдгъэлъэгъуэнщи, апхуэдэ кхъухьхэм куэдрэ къагъэсэбэп Камбоджэмрэ Сьеррэ-Леонымрэ я бэракъхэр. Пномпеньрэ Фритаунрэ Москва къагъэгугъэ апхуэдэ кхъухьхэм тхылъ гуэри ирамытыну.

ЖУРНАЛИСТХЭР щыгъуазэ зэрыхъуамкIэ, Пномпень щытепсэлъыхьащ Урысеймрэ Камбоджэмрэ хабзэншагъэр къызэпыудынымкIэ зэфIагъэкIын хуей Iуэхухэм. УФ-м и лIыкIуэхэм Камбоджэм и къулыкъущIэхэм иратащ апхуэдэ бзаджэнаджагъэ зылэжьауэ а къэралым и бэракъыр зезыхьэ кхъухьхэм я бжыгъэр зыхуэдизыр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэ. Ахэр 100-м щIегъу. Камбоджэм щыщхэм ар телъыджэ ящыхъуащ - а къэралым и флотым апхуэдиз кхъухь иIэххэкъым.

Арати, къэралитIыр зэгурыIуащ Камбоджэм и бэракъыр къэзыгъэсэбэп кхъухьхэм ятеухуа хъыбархэмкIэ зэхъуэжэну. Хьэрэмыгъэ зезыхьэ бдзэжьеящэхэр пагъэкIынущ абыхэм ирата хуитыныгъэхэм.

ИпэIуэкIэ Урысейм Бдзэжьей ещэнымкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Крайний Андрей хуэзащ Сьеррэ-Леоным и лIыкIуэхэм. 1976 гъэм зэдэлэжьэну зэгурыIуа пэтми, бдзэжьей хуитыныгъэншэу къэзыубыдхэм куэдрэ къагъэсэбэп а къэралым и бэракъыр. АрщхьэкIэ Iуэхум фIы и лъэныкъуэкIэ зихъуэжыркъым.

Камбоджэмрэ Сьеррэ-Леонымрэ я бэракъхэм щIэт кхъухьхэм я тхылъхэр Урысейм и щIыпIэ куэдым къыщащэхуф. Ахэр ирагъэтхын папщIэ трагъэкIуадэр доллар минищ - тхущ. Хэбгъэзыхьмэ, языныкъуэхэм деж ксерокопиер къагъэсэбэп. ДяпэкIэ апхуэдэ щыIэжыну къыщIэкIынкъым.

ЖЕБИТ Марие.
«Известия».

●КъэхъукъащIэхэр

ЩIыпIэ шынагъуэхэр

ДУНЕЙПСО туризмым и зыужьыныгъэм зэран хуохъу къэхъукъащIэ зэмылIэужьыгъуэхэр. ЦIыхухэр абыхэм IуагъэщтыкI щIыналъэ дахащэхэм. Псалъэм и хьэтыркIэ, жэпуэгъуэм и 13-м Балли хытIыгум щIыр щыхъеящ. ЦIыху 50-м нэхърэ мынэхъ мащIэм фэбжь зэмылIэужьыгъуэхэр ягъуэтащ. ХъыбарегъащIэ агентствэхэм къызэратамкIэ, абых эм яхэткъым Урысейм икIа туристхэр.

Псом хуэмыдэу щIыр куэдрэ щыхъейр Ипщэ-КъуэкIыпIэ Азиерщ. 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 26-рщ мыбы а щIыналъэм и тхыдэм щынэхъ ин дыдэ насыпыншагъэр къыщыхъуар. Балли 9,1-рэ и къаруу э а махуэм а щIыпIэм щIыр щыхъеям цIыху мин 200-м щIигъу хэкIуэдащ, Европэм икIа турист мини 9-м нэси яхэту. А къулейсызыгъэм хэщIыныгъэу доллар мелард 14 къишащ. Таиландым и закъуэ турист IэнатIэхэр зэфIигъэувэжыным доллар мелуан 510-рэ хухихын хуей хъуащ.

Апхуэдэу къэхъукъащIэ шынагъуэхэр куэдрэ къыщохъу США-м, Алыджым, Испанием, нэгъуэщI къэралхэми я зыгъэпсэхупIэхэм.

ПОЛЮХОВИЧ Аннэ.
«Аргументы и факты».

Тенджыз гъуэгу

Европэмрэ Америкэмрэ зэпыщIащ Сыбырым и Ищхъэрэ псы Iуфэм и гъунэгъуу пхрыкI тенджыз гъуэгукIэ. Ар куэдкIэ нэхъ гъуэгу кIэщIщ. АбыкIэ хьэпшып зышэ кхъухьхэр пхрызышхэм ящыщщ УФ-м и «Ямал» мылкъутэр. Ядернэ къарум ирилажьэ а кхъухьыр нэхъ щIыпIэ гугъу дыдэхэми тыншу пхрокIыф. АрщхьэкIэ зи гугъу тщIы гъуэгум шынагъуи пыщIащ: псалъэм и хьэтыркIэ, Карскэ тенджызым щыкъута кхъухьым щIыдагъэ къижмэ, абы щIыналъэр хуабжьу иуфIеинущ. Абы къыхэкIыу экологие шынагъуэншагъэм хуабжьу хуэсакъын хуей мэхъу.

●ГукъэкIыжхэр

Зэныбжьэгъуурэ, зэщыIеижат...

1953 гъэм и гъатхэпэм Москва - Пекин мафIэгум сыкъикIри, илъэсиблкIэ Китайм сыщылэжьащ «Правда» газетым и корреспонденту. Илъэс 27-м ит сэ абы щыгъуэм зэпымыууэ щылэжьэну нэгъуэщI къэралхэм ягъакIуэ журналистхэм ящыщу сынэхъ щIалэ дыдэт.

ПЕКИН вокзалым и унэжьыр Тяньяньмэнь утымрэ Император унэ уардэмрэ япэжыжьэтэкъым. Абыхэм яхуэдэу сэ сфIэтелъыджэ хъуащ лъакъуэрыгъажэхэмрэ рикшэхэмрэ уэрамхэм зэрыщыкуэд дыдэр. Къалэм нэгъуэщI транспорт лIэужьыгъуэ щыплъагъуртэкъым.

А зэманым ди хэкуэгъухэр ди «Победа»-хэм иризекIуэр т, китай шоферхэр рулым Iусу. Езыхэм зэрагъакIуэу къыхуадэртэкъым. Революцэр щытекIуа иужь КНР-м къыщащта законымкIэ зи машинэр китай цIыхум жьэхэзыгъэуам и къалэнт иригъэукIам езыр псэухукIэ абы и унагъуэм хуэпшынэну.

Жылагъуэ транспорту Пекин щыIэр шэр хъищ зыщIэдза лъакъуэрыгъажэ рикшэхэрт. АрщхьэкIэ абыхэм дитIысхьэ хъуртэкъым, къэралым и цIыхур а Iуэ хум игъэпуду къалъытэрти. Ар псом хуэмыдэу я жагъуэ хъурт ди щхьэгъусэхэм - щэ хуакIуэ щыкIуэкIэ километр зыбжанэ лъэсу зэпачын хуейт.

Пекин а зэманым гъащIэр уэру щыщыттэкъым. 50 гъэхэм КНР-м щылажьэр посол 12-т, нэгъуэщI къэралхэм я журналисту 15-т. Абы къыхэкIыу дэри дипломатхэм я гъусэу ефэ-ешхэхэм драгъэблагъэрт. Дэ Мао Цзэдунрэ Чжоу Эньлайрэ Неру е Сукарнэ, Ким Ир Сен е Хо Ши Мин сымэ бжьэр щызэрагъэуалIэ Iэнэ нэхъыщхьэм метр зыбжанэкIэ фIэкIа дыпэмыжыжьэу дыщыст.

Пекин сыщыщылэжьа зэманым съездыр зэхагъэхьащ. Китайм и компартым и зэIущIэ нэхъыщхьэм теухуа отчетхэр сэ махуэ къэс къэстын хуей хъурт. Съездым и лэжьыгъэм и иужьрей махуэм нэгъуэщI къэрал журналистхэр дызыщIэс пэшым зыри дыпэмыплъауэ ныщIыхьащ Мао Цзэдун икIи къыдэупщIащ: «Хэт фэ фщыщу «Правда»-м къикIар?» Си макъыр кIэзызурэ жысIащ: «Сэращ». Вождышхуэм си Iэхэр къикъузащ: «Хъарзынэу улэжьащ! ФIы дыдэу дыкъэбгъэлъэгъуащ!»

А псалъэхэм яужькIэ си гъащIэм зэуэ зихъуэжащ. Iугъуэр къызэриху буржуйкэ хэр зыщIэт ятIэ лъэгу унэм щIагъэкIри, корпунктыр тыншыгъуэ псори зыдэщыIэ щIыпIэм ягъэIэпхъуащ. Къэралым и щIыпIэ хэм сыщыкIуэкIэ КНР-м и МИД-м сэ хъыбар езгъэщIэн хуеижтэкъым.

Япэ хьэлэ

КИТАЙ-совет зэхущытыкIэхэр япэу зэIыхьащ КПСС-м и ХХ съездым иужькIэ. Мао Цзэдун къилъытэрт дунейпсо коммунист зэщIэхъееныгъэм емычэнджэщу Хрущев Сталиным апхуэдизу ткIийуэ техъущIыхьын хуэмеяуэ.

Совет опытыр и лъабжьэу икIи ди IэщIагъэлIхэр я щIэгъэкъуэну япэ илъэситхур зэфIагъэкIа иужь коммунизмэр къигъэблэгъэн мурадкIэ «вождышхуэр» делагъэ Iуэху яужь ихьащ. Къэралым щызэ хаублащ «ИлъэсищкIэ гугъу дыдэ дехьу дылэжьэнщ илъэс минипщIкIэ зэпэщу дыпсэун папщIэ» къыхуеджэныгъэм щIэт зэщIэхъееныгъэр. Китайхэр зэдэлажьэ къудейтэкъым, атIэ зэгъусэуи шхэн хуейт, коммунизмэр зищIысыр къагурыIуэн папщIэ.

«Инджылызым дылъэщIыхьэнщи, дыщхьэпрыкIынщ!» къыхуеджэныгъэм щIэту жыр щагъавэ хъуащ унагъуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу. «Жэньминь жибао» газетым щыщхэм срагъусэу сэри тхьэмахуэ зэхуаку псокIэ ятIэ къеслъэфэкIащ, Пекин и гъунэгъуу псы хъумапIэшхуэ щызыухуэхэм садэIэпыкъуу.

«ЖэрыжэкIэ коммунизмэм хэпкIэным» и Iуэхум тхьэмыщкIагъэ инхэр къахуихьащ къэралми цIыхухэми. Абы и щхьэусыгъуэр дунейпсо зэхущытыкIэхэм къыщалъыхъуэу хуежьащ. Пекин щащыгъупщэжа хуэдэт Чжоу Эньлайрэ Нерурэ къэралхэр мамыру зэрызэдэпсэуну щIыкIэм и хабзитху зэгуэр къыхалъхьауэ зэрыщытар. Китайм и унафэщIхэм Хрущев ягъэкъуэншащ ревизинизмэм теухуа политикэ зэрыригъэкIуэкIымкIэ. Абыхэм ар халъагъуэрт СССР-м «зауэ щIыIэр» зыгуэркIэ нэхъ мыхъуми къигъэщэбэну зэрыхущIэкъум.

КъэралитIым гуемыIу Iуэ ху къыдэхъуащ КНР-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэсипщI щрикъум ирихьэлIэу. 1959 гъэм и фокIадэм Хрущев Штат Зэгуэтхэм кIуэн хуейт, жэпуэгъуэм и 1-м гуфIэгъуэ Iуэхухэм хэтын папщIэ абы къикIыу Пекин къэлъэтэну и мурадт. Сэ сыхагъэ хьащ абы цIыхубэ лIыкIуэхэм я Китайпсо зэхуэсым и юбилей сессием къыщипсэлъынухэр зыгъэхьэзыр гупым.

Ауэ зыри пэмыплъауэ китай унафэщIхэм гуфIэгъуэ Iуэхухэр жэпуэгъуэм и 1-м кърахри, фокIадэм и 26-м къагъэIэпхъуащ. Хрущев Iуэху гугъу хэхуащ: ехъулIэныгъэ ин пылъу США-м щригъэжьа Iуэхур зэпигъэун е езым ипIэкIэ Пекин нэгъуэщI игъэкIуэн хуейт. А тIум ухэдэну тынштэкъым. Сессием хъуэхъум къыщеджар Сусловырщ. Хрущев Пекин щылъэтар фокIадэм и 30-рщ. Мао хьэщIэр Пекин и гъунэгъуу щыIэ унэ уардэм щригъэблэгъащ. Абы къыщыIущIащ бассейным зыщигъэпскIыу, псым зыхидзэу гъусэ зыхуищIынуи къыжриIащ. АрщхьэкIэ «Ер вы бжьакъуэм къокI» жыхуаIэрати, Хрущев есыкIэ ищIэртэкъым, Пицундэ щыщыIэми и ныбэм къыфIэкIыу псым хыхьэртэкъым.

Янцзы псыежэх бгъуэшхуэм тыншу зэпрысыкIыф Мао елъытауэ Хрущев сытым щыщт?! АпхуэдизкIэ къэгубжьати, Хрущев жиIащ тхьэмахуэ зэхуакукIэ КНР-м щыIэну иIа мурадыр зэрикъутэжыр икIи икIэщIыпIэкIэ и хэку зэрылъэтэжыр.

Илъэс щэщIкIэ зэхъурджауэурэ, Даманск хытIыгум IэщэкIэ щызэпэщIэувэным хуэкIуа къаугъэр нэхъыбэу къызыхэкIар идеологие зэпэщIэтыныгъэрт-тэкъым, атIэ унафэщIитIыр зэтеплъэ зэрымыхъурт. Хрущев къэлыбырт бассейным дахэу есу зыщызыгъэпскI Мао игу къэкIыжыху.

Аргуэру зокIуж

СИ НАСЫПТИ, сэ срихьэлIакъым «щэнхабзэ революцэм» и зэманым КНР-м щызэрахьа бзаджэнаджагъэхэм (илъэситI хуэдиз и пэкIэ Пекин сыкъыдэкIыжащ). АрщхьэкIэ Мао Цзэдун лIа, Хрущев и къулыкъум трагъэкIа иужь Пекинрэ Москварэ зэрызэкIужыну Iэмалхэр сакъыурэ къалъыхъуэу хуежьащ. Арати, 1984 гъэм КНР-м драгъэблэгъащ совет-китай зэныбжьэгъугъэм и обществэм и унафэщI академик Тихвинскэмрэ абы и къуэдзэ сэрэ.

Шэч къытесхьэнкъым дыздэкIуэну щIыпIэхэм Конфуций и лъахэр хагъэхьэныр ауэ сытми къызэрымыхъуам. Философышхуэм и сыну хунвэйбинхэм уадэкIэ зэхакъутар дигъэлъагъуурэ, Шаньдун провинцэм и унафэщIхэм ящыщ зым къыджиIащ: «Китай лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэхэр зыми игъэпудакъым ди блэкIар хэутэн зэрытщIам хуэдэу. Мо Цзэдунрэ Хрущеврэ язэфIэнэныр къызыхэкIа щхьэусыгъуэр делагъэ дыдэщ уи акъылым къыпхуимытIасэу. А псори тхыдэм хрехьэж!»

Псом хуэмыдэу дигу къинэжащ лэжьакIуэ клубхэм ящыщ зым щедгъэкIуэкIа зэIущIэр. Ар щиухым къэIуащ «Подмосковные вечера» уэрэдыр. Къыщылъэтри, къызэхуэсахэр дежьуащ фIыуэ ялъагъу макъамэм. ЦIыхухэм я нэхэм нэпсхэр къащIэжырт. Уэрэдыр абы гимным хуэдэу IэтауэжаIэрт. Псори щыгуфIыкIырт Пекинрэ Москварэ я зэгурымыIуэныгъэм кIэ зэригъуэтым.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ сэри сакъыхэхутащ ди къэралитIым я зэхущытыкIэхэр зэфIэзыгъэувэжахэм.

ОВЧИННИКОВ Всеволод.
«Российская газета».

● Польшэ

Польшэм и еджагъэшхуэ, тхакIуэ цIэрыIуэ Вишневский Януш иджы Урысейм къэкIуащ «Интернетым ущизакъуэмэ» и романыр дунейм къызэрытехьэрэ илъэсипщI зэрырикъур игъэлъэпIэн папщIэ. Вишневскэм и IэдакъэщIэкIыр хуэгъэзащ цIыхум езым и лъагъуныгъэр ИнтернеткIэ къигъуэтын зэрыхузэфIэкIынум. ЩIыгъужын хуейщ а романым теухуа фильм хъарзыни иужькIэ зэрагъэувари.

●Бжыгъэхэм къаIуатэ

Ди щIыналъэм щыхъыбархэр

● Иужь илъэсым КъБР-м нэгъуэщI къэралхэм къикIыу хабзэншагъэкIэ къэкIуауэ щылажьэ цIыхухэм я бжыгъэр хуэдищкIэ нэхъ мащIэ щыхъуащ.

ЖытIэнщи, Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щIыналъэм хохьэ: Дагъыстаныр, Ингушыр, Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Къэрэшей-Шэрджэсыр, Осетие Ищхъэрэ-Аланиер, Шэшэныр, Ставрополь крайр. Абы щIыуэ иIыгъщ километр зэбгъузэнатIэ мини 172-рэ 360-рэ -Урысейм и щIыналъэм и зы процентыр. Зэпымыууэ щопсэу цIыху мелуани 9-рэ мин 32-рэ 300-рэ. ЛэжьапIэншэу ятхащ абыхэм ящыщу мин 350-р. Я нэхъыбэр Шэшэным, Ингушым, Дагъыстаным яхуозэ.

● Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым къулыкъущIэхэр зэзыхъуэкIыфынухэр щагъэхьэзыр. Мы зэманым абыхэм я бжыгъэр цIыху 1812-рэ мэхъу, я процент 31-м я ныбжьыр илъэс 35-м нэсакъым. Зи гугъу тщIыхэм ящыщу 402-р къулыкъукIэ дэкIуэтеящ.

Округым и щIыналъэхэм я властхэм я мурадщ къулыкъущIэхэр зэзыхъуэкIыфынухэр гъэхьэзырыным теухуа лэжьыгъэр дяпэкIи ягъэлъэщыну.

ОЛЕНИНЭ Верэ.
«Московский комсомолец».

● ЦIыхухэр

Хохъуэ зэпыт

ЩIы хъурейм щыпсэу цIыхухэм я бжыгъэр мыгувэу мелардиблым щхьэдэхынущ...

ООН-м и IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, ар къыщыхъунур жэпуэгъуэм и 31-рщ. Ауэ ар пэжи пцIыи: дунейм цIыхуу тетым и бжыгъэр зыми зэи тэмэмуи къыхуэбжыфынукъым.

Зэман кIыхь дыдэкIэ ди планетэм кIыхьлIыхьу фIэкIа щыхэхъуакъым цIыху бжыгъэр. Ар зы мелардым щынэсар 1804 гъэрщ. АрщхьэкIэ абдеж къыщыщIидзэри, илъэси 125-рэ фIэкIа нэхъ дэмыкIыу дунейм тет цIыхухэм я бжыгъэм зэуэ хуэдитIкIэ зиIэтащ. ИтIанэ зричыпащ. Арати, 1800 гъэм къыщыщIэдзауэ 2011 гъэм къэсыхукIэ хуэдиблкIэ нэхъыбэ хъуащ.

2011 гъэм ЩIы хъурейм къыщалъхунущ цIыху мелуани 135-рэ, цIыху мелуан 57-рэ щылIэнущ.

АдэкIэ къэхъунур зэлъытар зы цIыхубзым къилъхунур зыхуэдизырщ. Хуагъэфащэ ди лIэщIыгъуэм и зэхуэдитIым планетэм цIыху меларди 10,5-рэ щыпсэуну. АрщхьэкIэ, ягъэувыну мардэхэм тращIыхьурэ, языныкъуэ еджагъэшхуэхэм жаIэ бжыгъэр 2045 гъэм ирихьэлIэу меларди 9-м щхьэдэмыхыну.

Къалъхунухэм я бжыгъэм мардэ гуэрхэр щыхуагъэувынкIэ хъунур къэрал инхэм я дежщ. Абы къыхэкIыу абыхэм я щIыналъэхэм цIыху бжыгъэм щыкIэроху, ахэр псынщIэ дыдэу жьы щохъу. Псалъэм и хьэтыркIэ, Японием и цIыхухэм я процент 30-м щIигъур мы зэманым илъэс хыщI ныбжьым фIэкIащ, XXI лIэщIыгъуэм и зэхуэдитIым апхуэдэхэм я бжыгъэр процент 42-м щыщхьэдэхынущ. А зэманым дуней псом и цIыхухэм я процент 22-р лIыжь-фызыжьу щытынущ.

ИджыкIэ цIыху нэхъыбэ дыдэ щыпсэур Китайрщ (мелард 1,35-рэ). ЕтIуанэ увыпIэр иIыгъщ Индием - цIыху зы мелардрэ мелуан 240-рэ. ООН-м и IэщIагъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, Индиер мыгувэу япэ ищынущ. ЦIыху бжыгъэхэмкIэ нэхъ зызыужьыну къэралипщIым яхэтщ США-р, Урысейр, Япониер. Абы щыгъуэми, ахэращ зэпымыууэ зи бжыгъэм хэхъуэ пенсионерхэр Iыгъыным ахъшэ нэхъыбэ тезыгъэкIуадэр. Ауэ ахэр Iууэн хуей хъунущ лэжьэфыну цIыхухэм я бжыгъэм зэрыкIэрыхум егъэщIылIа къалэным.

А псоми кърикIуэнур зэманым къигъэлъэгъуэнщ. ЗэкIэ жытIэнщ XXI лIэщIыгъуэм и зэхуэдитIым ирихьэлIэу цIыху гъащIэр ику иту илъэс 76-рэ хъуну зэрыхуагъэфащэр (ООН-м щызэхалъхьа есэпхэм ятещIыхьауэ).

ВОРОПАЕВ Василий.
«Российская газета».

«Адыгэбзэр къедывгъэгъэл» тхыгъэм къыпэджэжахэм

МАЗЭ етхуанэр йокIуэкI мы ди тхыгъэр «Адыгэ псалъэ» газетым къызэрытрадзэрэ. ИтIани, нобэр къыздэсым, къотхэ абы къыпэджэжхэр. Адыгэбзэм иджыпсту иIэ хъуа щытыкIэ узыгъэгузавэм топсэлъыхь, фIы и лъэны къуэкIэ зегъэхъуэжа зэрыхъу нум теухуауэ езыхэм я Iуэху еплъыкIэхэр къаIуатэ щIэныгъэлIхэм, тхакIуэхэм, журналистхэм, артистхэм, егъэджакIуэхэм, дин лэжьакIуэхэм, зи ныбжь нэсу лэжьыгъэм пэрыкIыжа ди нэхъыжьыфIхэм... Адыгэм и бзэр къегъэщт эжа зэрыхъуну щIыкIэм теухуауэ дэ къыхэтлъхьа а псалъэмакъыр абыхэм икъукIэ и чэзууэ къалъытащ, къэтIэта Iуэхури къыддаIыгъ. «Хуабжьу тхыгъэм дигъэпIейтеящ», «Ди гум къиишхыдыкIащ», «Куэдым дригъэгупсысащ» - апхуэдэ псалъэхэмкIэ къыщIадзэ я тхыгъэх эр. Уи гуапэ мыхъуу къанэркъым щыхупIэм щхьэщахуа ди адыгэбзэм зи гур иригъ у, ар къегъэла зэрыхъунум егупсысхэр иджыри хъарзынэу дызэриIэр.

Мы Iуэхум теухуауэ и гупсысэхэр псом япэ газетым къытрезыгъэдзахэм яхэтщ Къулъкъуужын щыщ, зи художественнэ тхыгъэх эм газетрэ журналкIэ куэд щIауэ дыщыгъуазэ Нэхущ Хьэжпагуэ. ИкъукIэ тэмэму къэлъытапхъэщ Хьэжпагуэ адыгэбзэр ди щхьэ етлъытын хуейуэ зэрыжиIэр. ФIыти, апхуэдэу щытамэ: дэ, тхузэфIэкIыххэмэ, зыми ди щхьэ лей зэи къытедгъэхьэнукъым, ауэ ди бзэм ди нэкIэ тлъагъуу къытехьэ лейр дошэч!

Зи творчествэр псоми фIыуэ ялъагъу цIыхубэ артист икIи дин лэжьакIуэ Жылокъуэ Мухьэмэдин бзэмрэ хабзэмрэ зэгуэхыпIэ ямыIэу зэпхауэ зэритхми арэзы утемыхъуэнкIэ Iэмал иIэкъым. «Ди бзэр ди бзэгупэм темылъмэ, хабзэри абы дэкIуэдынущ», - щыжеIэ Жылокъуэм и тхыгъэм. ИкIи докIуэд. Абы и щапхъэхэри къехь мымащIэ у. Щэнхабзэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэм а псори лъэпкъым къефыкI зы уз лIэ ужьыгъуэм къыхэкIыу - зи бзэ, зи хабзэ къизымыдзэж унафэщI мыхъумыщIэхэр ди гублащхьэм дэзэрыхьа зэрыхъуам и зэрану - зэрибжымкIи пхуэгъэкъуэншэнукъым. Мухьэмэдини, дэ дэщхьу, еукъуэдий: зи бзэмрэ зи хабзэмрэ зымыщIэжыр къулыкъу м гъунэгъу хуэпщI хъунукъым!

КъБР-м щIыхь зиIэ и журналис т, филологие щIэныгъэх эм я кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и комментатор БжэныкIэ Мухьэб лъэныкъуэ куэдкIэ Iуэхум къыщеплъ у, зэпкърех ди тхыгъэр икIи тэмэму къелъытэ бзэм теухуауэ едгъэкIуэкI псалъэмакъыр. Ауэ абы и тхыгъэм арэзы утехъу энкIэ Iэмал имыIэу къытщыхъу гуэрхэри хэтлъэгъуащ. Мухьэб етх: «Пэжкъым ди университетым ахэр (адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджыну егъэджакIуэхэращ зи гугъу ищIыр - **Хь. С.**) я бзэмкIэ тэмэму мыпсэлъэфу, мытхэфу, адыгэ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я тхыгъэхэм щымыгъуазэу къыщIигъэкIыу жыпIэныр».

Икъ укIэ ди жагъу э зэрыхъущи, къыщIегъэкI. А университетыр къэзыухахэракъэ ди хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм мы зэманым пэрытхэр. Феплъ абыхэм я псэлъэкIэм, я тхэкIэм. Нэхъыбэм я псалъэухахэр тэмэму зэхэгъэувакъым, я псалъэхэр кърагъэкIыну зыхуейм хуэкIуэркъым, гупсысэ тэмэм къэзымыIуатэ, зыри къызэрымыкIыххэхэм гъунэжу уарохьэлIэ. Псоми ху эмыдэжу, ирегъэлей ди радиом. Абы адыгэбзэщ жаIэу къатхэм я нэхъыбэр урысыбзэщ. ЗэрадзэкIыну иужь йохьэри, мытэмэм къудейм и мызакъуэу, дыхьэшхэн мэхъу. Абыхэм уедаIуэмэ, ди лэжьапIэ IэнатIэхэм щрагъэкIуэкI зэIущIэхэм Iуэху лъэпкъ къыщыхалъхьэркъым икIи щытепсэлъыхьыркъым, упщIэ къыщаIэт фIэкIа. «ЗэIущIэм упщIищ къыщаIэтати, тIум хэплъэри, зым хунэмысу ягъэтIылъыжащ» - жаIэри къат. Иужьрей зэманым «зэхьэзэхуэ» псалъэр зэхьэзехуэкIэ зэрахъуэкIыну иужь ихьащ. Ди адыгэ радиом ди бзэр еуфIей, зэран хуохъу абы и зыужьыныгъэм. Е къулыкъущIэу, е а журналистхэм я унафэщIу зылI хэкум искъым бзэр апхуэдэу зыфыщIхэм япэрыуэну. Япэрыуэн, абыхэм езыхэми ямыщIэмэ?! А псор щыхьэт зытехъуэр сыт - иджырей ди адыгэм Iурылъыжкъым адыгэбзэ тэмэм!

УФ-м егъэдж эныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Налшык къалэ дэт курыт еджапIэ №25-м и егъэджакIуэ Сэрахъэ Людмилэ мыпхуэдэу етх: «Мыбдежым къуаншэр ахэракъым (зи гугъу ищIыр ди университетым къыщIэкIауэ, адыгэбзэр зыхуэмыгъэшэрыуэхэрщ - **Хь. С.**), атIэ щIэныгъэм зэрыхамыщIыкIыр ящIэу, абыхэм диплом къезыгъэхьхэращ». Ди жагъуэ хъуащ а и тхыгъэ зи гугъу тщIым абы мыри зэрыщыжиIэр: «Апхуэдэуи хэплъэгъуэ дыдэкъым ди Iуэхур». БжэныкIэри Людмилэ дежьууэ мэпсалъэ, нэгъуэщI къэралым щыпсэухэм мыхъумэ, дэ ди Iуэхур апхуэдэ дыдэу зэкIэ мыгузэвэгъуэу къикIыу: «Хэкужьым ис адыгэхэм яхуэгъэзауэ жытIэнщи, абыхэм бзэр яфIэкIуэдыныр, Тхьэм и шыкуркIэ, иджыри апхуэдэу шынагъуэу къалъыкъуэкIакъым».

ЛъэIукIэ зыфхудогъазэ: кхъыIэ, апхуэдэу жытIэу дывмыгъэбэлэрыгъ! Пэж жыдвгъэIэ. Тобэ ирехъуи, Марс къехуэхыу ди щхьэм къыфIэхуэнкъым дэ абы щхьэкIэ!

Абы дегъэпIейтей

Дапщэщ-тIэ щыгужьеигъуэр? Ди бзэмкIэ дызэгурымыIуэжыххэ хъуа нэужь?! Абы щыгъуэ зыри пхуещIэжынукъым. Нэхущ Хьэжпагуэ Къулъкъ ужьын щопсэу, адыгэ жылэжьым. Абы мы къитхам феплъыт: «Махуищ мэхъури, уэздыгъэ диIэкъым, жысIэу зыгуэрым зэхихати, ар уэздыгъэкъым, атIэ светщ, жиIэри и фIэщу къызэдэуауэ щытащ, абыи схутекIакъым».

Ди къуажэхэм адыгэбзэр нэхъ хъу ма щыхъу ди гугъэурэ екIуэкIащ иджыри къэс. Гупсысэ куу ящIэлъ рэ я шэрыуагъэм уитхьэкъуу абыхэм щызэхэпхыу щыта псалъэхэр дэкIуэдыкIам и закъуэкъым, адыгэбзэкIэ яжепIэр языныкъуэхэм къагурымыIуэжу къызэхэнащ. Мэрем жыпIамэ, къыкIэлъоупщIэж: ар сыт махуэ? Зи «махуэр» яжепIэмэ, зэгуоп: «Пятницэ» жыпIэмэ, къыдгурыIуэркъэ-тIэ дэ?!»

ПцIы зыхэмылъыжращи, Iэмал имыIэу зыгуэр щIэн хуейщ. Ари икIэщIыпIэкIэ! НтIэ, лIо а щIэн хуей «зыгуэрыр»? Мис абы и гъэбелджылынращ гугъуур езыр. Сэрахъэм и тхыгъэм хэтщ адыгэм адыгэбзэр Iэмал имыIэу ищIэн хуейуэ пэубыдыным теухуауэ дэ къыхэтлъхьэ Iуэхум шэч къытрихьэу: «Сэ сызэрепльымкIэ, апхуэдэу IэмалыншагъэкIэ ядж бзэм Iулыдж иIэнукъым. Анэдэлъхубзэр дэтхэнэ зыми и псэм щыфIэфIыну р гущэкъу уэрэдым и деж къыщежьауэ абы щIапIыкIмэщ». Дэри дыарэзыт абыкIэ. Ауэ щIапIыкIыркъым икIи щIапIыкIынукъым, а бзэр зэрумыщIэр зэрани сэбэпи гъащIэм къыщыпх уэмыхъ умэ. Мис аращ Iуэхур.

Адыгэбзэр ди еджапIэхэм зэи тэмэму щегъэджа хъууэ щытакъым, хъуркъым ар иджыри. Дэ университетым щызыджхэм адыгэбзэр ямыщIэу къыщIокI, жыдоIэ. Абы щылажьэхэм я пIэм иджыпсту дивгъэ уви, дэри нэхъыбэ тхузэфIэкIынукъым, апхуэдэущ къызэрыщIэ дгъэкIынур. Унагъуэм щрамыгъэщIа, пэщIэдзэ, курыт еджапIэхэм щрамыгъэджа бзэр дауэ уэ еджапIэ нэхъыщхьэм зарыщебгъэщIэжыфынур? Ар зыми хузэфIэкIынукъым, псибл Iутамэ! Бзэр зымыщIэр литературэми пхудегъэхьэхынукъыми, пихыжащ.

Сыт и щхьэусыгъуэр?

Мыбдежым егъэджакIуэхэм зыжьэу жаIэнущ адыгэбзэмрэ литературэмрэ хухах сыхьэт бжыгъэр зэрымащIэр. Къалмыкъ Аднани нэгъуэщIхэми къагъэув апхуэдэу щыщыткIэ, классщIыб лэжьыгъэм нэхъ зетын хуейуэ. Ахэр икIи пэжщ, сэбэпи хъунущ, ауэ нэхъыщхьэр нэгъуэщIу къыщIэкIынущ.

Дэнэ-тIэ ди бзэмыIугъэр къыщежьэр? «Джэрпэджэж» тхыгъэ къагъэхьахэм куэду хэтщ и бзэр имыщIэжу адыгэ цIыхур къэхъуныр псом япэу унагъ уэм къыщежьэу, абы и зэрану апхуэдэу ятх Уэзрокъуэ Нини, ди егъэджакIуэ цIэрыIуэ Сэрахъэ Людмили, нэгъуэщIхэми. Пэжщ, шэч хэмылъу, я зэранщ адэ-анэми унагъуэм адрей балигъ исхэми. Ахэр адыгэбзэкIэ сабийм



Хьэх Сэфарбий

епсэлъамэ, дауи, ищIэнт. Ауэ абыхэм езыхэм ямыщIэмэ-щэ адыгэбзэ тэмэм? Илъыжкъым, зэрытщIэщи, унагъуэхэм адыгэбзэ къабзэ. Иджырей ди адыгэ анэм адыгэбзэ тэмэм Iурылъыжкъым е Iурылъыжыххэкъым. Къыдилъхужыркъым абы и сабийм адыгэбзэ тэмэм. ДиIэжкъым лъэпкъым анэдэлъхубзэ. ЗэкIэ мыкIуэдыжыпа езы адыгэбзэ дыдэри ди лъым хуэмхуэмурэ хокIуэдыкIыж!

Дэ къуаншагъэр пэщIэдзэ, курыт еджапIэхэм щезыгъаджэ егъэджакIуэхэмрэ абыхэм зэрырагъаджэ щIыкIэр яхуэзубзыхухэмрэ я деж щыдолъагъу. Хъуркъым адыгэбзэр адыгэ сабийм зэрырагъэдж IэмалхэрI...Зыми шэч къытрихьэркъым ар егъэфIэкIуэн зэрыхуейм. Ауэ сыт хуэдэу ар зэрыпщIыну щыкIэр?

ЕгъэджакIуэхэр арэзыкъым адыгэбзэ дерсхэм еджапIэхэм щыхухах сыхьэт бжыгъэмкIэ. Ар икIи пэжщ, зэпымыууэ нэхъ мащIэ ящIурэ макIуэ! Iуэхум сэбэпышхуэ хуэхъунт сабийм и бзэр зэрырагъэдж сыхьэт бжыгъэр нэхъыбэIуэ ящIамэ.. Хъарзынэщ, классщIыб лэжьыгъэхэм хагъахъуэми. Ауэ абыкIи пхуригъэкъужынукъым зыхуэчэмыр...

Лажьэу щыIэр къыщежьэр зэрырагъаджэ тхылъхэр зэрымытэмэмрауэ къалъытауэ, зэрахъуэкI. «Эльбрус» ди къэрал тхылъ тедзапIэ закъуэм илъэс зыбжанэ хъуауэ учебникхэр къыщыдагъэкI, абы фIэкIа Iуэху ямыIэж жыхуаIэм ху эдэу. КIуэ, нэрэ пэрэ тхьэ хуамыщIрэ жумылэнумэ, и дахагъэкIэ дэбгъуэн щымыIэрэ цIыкIури инри дихьэхын хуэдэу ягъэщIэращIэ ахэр. Ярытхэм я зэхэлъыкIэкIи, зытепсэлъыхь IуэхугъуэкIи, я купщIэкIи куэдкIэ нэхъыфIщ мы иджырейхэр, нэхъапэм ди сабийхэр зэрырагъаджэу щытахэм нэхърэ.

Ахэр хъарзынэщ, ауэ... Мыбдежым а зи гугъу тщIы псори ещхь мэхъу ар зыдзыр къэбгъанэу, ныбжьыр щIэптIэну иужь уихьэным. Иджырей адыгэм и бзэр тэмэмыжкъым. Iурилъхь эжыфынукъым ар и бынми. ДиIэжкъым анэдэлъхубзэ. Дэ къызэрытлъытэмкIэ, анэдэлъхубзэ зимыIэж ди сабийм пэщIэдзэ, курыт еджапIэхэм хамэ лъэпкъ щыщым хуэдэу уащыдэмылажьэу хъ унукъым, ар зэрыадыгэм зыри темыщIыхьауэ. Ауэ абы урихулIэнущ егъэджэкIэри, ар зэребгъэдж щIыкIэри, зэребгъаджэ тхылъхэри - псори щIэрыщIэу зэтеухуэжын хуейуэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, а къомым зэманышхуэ яхынущ, ятекIуэдэнури мащIэкъым. АрщхьэкIэ а текIуэдэнухэри сытри зыми щыщкъым, апхуэдэу умыщIмэ, адыгэбзэр адыгэм егъэщIа зэрымыхъунум, абы къэрикIуэну псом уегупсыпсмэ. Уи бзэр умыщIэжыныр насыпыншагъэщ. ЛIуп Нурхьэлий къетх автобусым зыщрихьэлIа фызыжь мафIэм хуэдэу къызэщIэплъам жиIэу: «УкъызэщIэплъэнкъэ, уи сабийм адыгэбзэ иджыну щыхагъэзыхькIэ!»

Мы адыгэ цIыхубзым апхуэдэу щIыжиIэр и щIэблэм урысыбзэр имыщIэу къэненкIэ хъуну и гугъэщи араш. Мыбдежым абыи апхуэдэ ди нэхъыжьхэми яжетIэну дыхуейщ: щыIэжкъым а япэрей зэманыр. Иджыпсту урысыбзэр умыщIэу укъэнэнукъым. Ар дэнэкIи щыIэщ, хэтщ дызэрыбауэ хьэуа дыдэм. УмыщIэу къэнэнур адыгэбзэращ.

«Ди анэдэлъхубзэм лей езыхыр, нэмыплъ езытыр дэ езы адыгэхэращ», - жеIэ Нурхьэлий икIи пэжщ, тхузэфIэкIыр тщIэркъым. ДывгъащIэ. Гъуэгу едывгъэт бзэм телажьэхэм, ипэжыпэкIэ ар зи псэм, зи дунейм. ПщIэ хуэдывгъэщI, дывгъэгъэлъапIэ, мащIэ куэдми, адыгэбзэм зыгуэр ху эзыщIэр, а бзэр къытщIэхъуэ щIэблэм егъэщIэным телажьэр. Я щхьэр лъагэу едывгъэгъэлъагъуж. Зи бзэр зыщIэжымрэ зымыщIэжымрэ зэхуэдэу щIыщытын лъэпкъ щыIэкъым! Дунейм теткъым зи бзэ епцIыжам нэхъ Iеи епцIыжакIуэ лIэужьыгъуэ. Ар и хэку дэнэ къэна, и анэ къэзылъхуа дыдэми епцIыжынущ! Лей дывгъэщI ар, къэдывгъэгъанэ апхуэдэ адыгэр зыми щымыщу!

Дауи ирехъуи, а дэ жыхуэтIэр укъуэдиин хуейуэ къыщIэкIынущ, депутату щыхахкIи лэжьапIэ IэнатIэ цIыхум щраткIи. Псом япэу ирепльэ абы и бзэр зэрищIэжыр зыхуэдэм. Ирыгъэтх диктантри. Абы щыгъуэ ущыгугъ хъунущ Сэрахъэм жыхуиIэ гущэкъу уэрэдми гущащхьэ таурыхъми къагъэзэжыну. Ирагъэщ Iэнущ къащIэхъуэ щIэблэм я бзэр - хэт хуей и быныр гъащIэм лей къыщыхъуну? НэгъуэщI хэкIыпIэ щыIэу дэ тщIэркъым, къахэщыркъым къызэрытпэджэжа тхыгъэхэми.

Ауэ мы Iуэхум къэрал унафэ къыхэмыхьэу хъ унукъым... Ар щыжытIэм, дигу къэкIыжащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор Тау Хьэзешэ къитрыригъэдза «Джэрпэджэж» тхыгъэм мыпхуэдэу зэрыхэтыр: «Франджым щолажьэ франджыбзэм зегъэужьынымкIэ совет. Абы и пашэр къэралым и президентырщ. Инджылызым щыIэ апхуэдэ советым и унафэщIыр а къэралым и пащтыхьырщ. Апхуэдэу Iуэхур щыгъэуващ Г ерманиеми».

ЩIэныгъэлIым зи гугъу ищI мы къэралхэм я бзэр зыхуэдэм еплъ, итIани тегужьеикIауэ толажьэ. Дыщыгугъынщ ди президентми адыгэбзэм теухуауэ мы къыткIэщIэзэрыхьа лъэпкъпсо гузэвэгъуэшхуэм г у къылъитэу, къэдгъэув IуэхугъуэхэмкIэ къыддэIэпыкъуну. Апхуэдэу ищIрэ ди бзэр къыдэхыжа хъуамэ, ди нобэр кIуэд имыIэу адыгэ лъэпкъым и тхыдэм хыхьэнт.

ХЬЭХ Сэфарбий, *тхакIуэ.*

Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Тифлис щыщ пщащитI, хьэмшэрий шууей, къэжэр, адыгэлI. *Сурэтыр* **Бран Малте** *ищIащ. 1864 гъэ*

Школ хъыбархэр

Жэуаплыныгъэр зыхащIэ

Нарткъалэ дэт курыт школ №2-м иджыблагъэ къыщызэрагъэпэща Iуэхугъуэм кърикIуахэм ятепщIыхьмэ, иджырей щIэблэм дзыхь хуэпщI хъунущ жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ къалэнхэр. Школ унафэр еджакIуэхэм щаIэщIэлъ махуэу IуэхущIапIэм щекIуэкIам арэзы къищIар ныбжьыщIэхэм я закъуэкъым, атIэ егъэджакIуэхэми гъэщIэгъуэн ящыхъуащ.

ПЩЭДДЖЫЖЬЫМ жьыуэ школым къекIуэлIащ абы и «унафэщI», 11-нэ класс «А»-м и еджакIуэ Къуэшы Аслъэн. Махуэ псом абы и нэIэм щIэту дерсхэр ятащ «егъэджакIуэхэм». Абыхэм фIыуэ зыхуагъэхьэзырат я пщэ къыдалъхьа къалэнхэр ныкъусаныгъэншэу зэфIэхыным.

НыбжьыщIэхэм Iуэхур зэрызэфIагъэкIам набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъа егъэджакIуэхэр щыгуфIыкIащ жэуаплыныгъэ зыпылъ дэтхэнэ лэжьыгъэри я гъэсэнхэм уигу къыхэмыщтыкIыжу къалэн яхуэпщI зэрыхъунум. Абыхэм къызэралъытамкIэ, зыпэрыхьа IэнатIэхэм дэгъуэу пэлъэщащ ныбжьыщIэхэр. ЗэгурыIуэныгъэрэ унафэ дахэрэ щытепщэ школым а махуэм щекIуэкIыпхъэ дерсхэм ящыщу зыри IэщIыб щыхъуакъым.

Лэжьыгъэм и кIэухыу «егъэджакIуэхэм» школ «унафэщIыр» я пашэу зэIущIэ ирагъэкIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ махуэр зэрырахьэкIамрэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ ныбжьыщIэхэм ялъагъу хэкIыпIэхэмрэ.

СОКЪУР Риммэ, *Аруан куейм и администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI.*

КъБР-м и МВД-м къет

ЩIэпхъаджащIэр хэтми ящIэ

IУАЩХЬЭМАХУЭ лъапэ щыIэ ЕджапIэ-зыгъэсэныгъэ базэм и унафэщI Байзулаевыр 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м зыукIа бзаджащIэр хэт ми Урысей Федерацэм и МВД-м Iу ащхьэмахуэ куеймкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм, УФ-м и Следственнэ комитетым СледствэмкIэ и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и Iуащхьэмахуэ район къудамэр щIыгъуу яубзыхуащ.

Ар IэщэкIэ зэщIэузэда бзаджащIэ гупым щыщу къалъыхъуэ, 1983 гъэм къалъхуа тырныауздэсырщ. ЩIэпхъаджащIэр зэраубыдыным яужь итщ.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

КъБР-м и Хабзэхъумэ IэнатIэхэм я зэдай хъыбарегъащIэ центр.

Хъуэхъу

Тэрч куейм хыхьэ Инарыкъуей къуажэм щыпсэу Пэнагуэ Iэдэм Хьэжбий и къуэр къыщалъхуа махуэщ, илъэситI ирокъури дохъуэхъу

ФIыуэ тлъагъу, дызэрыгушхуэ ди щIалэ гъэфIэн цIыкIу Iэдэм! Уи IэфIыгъуэщи, дунейр уи щIэщыгъуэу сабиигъуэ дахэ уиIэну, узыншагъэр уи бэу, уи пщIэр лъагэрэ уи псэр къабзэу, уи нэхъыжьхэр, лъэпкъыр, уи адэ-анэр, къыбдалъхуахэр зи щIыхьым иригушхуэ адыгэлI къыпхэкIыну, щIэныгъэрэ IэщIагъэкIэ уцIэрыIуэу гъащIэм лъэ быдэкIэ ущыувыну, цIыху насыпым я нэхъыфIыр къоуэлIэну ди гуапэщи, дызэрыпхуэхъуахъуэр Тхьэм къыпхузэпищэ!

Щомахуэхэ я унагъуэр.

Щэнхабзэ

«Шэджэм псыкъелъэхэм» я уэрэд жыIэкIэр

Сочэ къалэм щекIуэкIащ «Лъэпкъ щIэинхэр» дунейпсо IуэрыIуатэ фестивалымрэ «Лъэпкъхэм, абыхэм я щэнхабзэмрэ я псэукIэмрэ: Iуэху къиинхэмрэ ахэр зэрызэфIэхыпхъэмрэ» щIэныгъэ-практикэ конференцымрэ. Форумым я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ Абхъазым, Арменэм, Ингушым, Къалмыкъым, Марий Элым, Поволжьем, Сыбырым щыщ гуп 50-м щIигъум.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым икIауэ абы хэтащ «Шэджэм псыкъелъэхэр» уэрэджыIакIуэ гупыр. «Коралл» киноконцерт гъэлъэгъуапIэм шэджэмдэсхэм я уэрэдхэр утыку къыщрахьащ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм и унафэщI Молей Алихъан ежьу щIэту игъэзэщIа адыгэ уэрэдыжьыр псоми ягу ирихьащ, Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ.

Ди республикэм и лIыкIуэхэм къэпщытакIуэ гупым хэтхэм махъсымэ фалъэр иратащ. «Шэджэм псыкъелъэхэм» я пашэу щыта, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Шэджэм район администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI Вэрокъуэ Ларисэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, абы щызекIуэ хабзэхэм, цIыху зэхэтыкIэм и гугъу къызэхуэсахэм яхуищIащ. Я зэфIэкIыр екIуу зэрагъэлъэгъуам и щыхьэту, гала-концертым хэтыну шэджэмдэсхэм Iэмал ягъуэтащ.

Я уэрэд жыIэкIэ гъуэзэджэмрэ IуэрыIуатэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным хуащI хэлъхьэныгъэмрэ папщIэ «Шэджэм псыкъелъэхэр» цIыхубэ ансамблым фестивалым и лауреатым и ЩIыхь тхылъыр кърату. «Лъэпкъ хабзэхэм я хъумакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ Вэрокъуэ Ларисэ.

Фестивалым и къызэгъэпэщакIуэ комитетым фIыщIэ хуищIащ Шэджэм район администрацэм и тхьэмадэ Бакъ Руслан, лъэпкъ щIэинхэр хъумэным гулъытэ зэрыхуищIым, «Шэджэм псыкъелъэхэм» я уэрэд жыIэкIэр зэхахыну Iэмал зэраритым щхьэкIэ.

КIАРЭ Элинэ.

МафIэс къэмыгъэхъун

Сабийхэм гъэщIэгъуэн ящохъу

КъБР-м МафIэсым пэщIэтынымкIэ и къэрал къулыкъум и къудамэм «Бжэ зэIухахэм я махуэ» программэм ипкъ иткIэ республикэм и къалащхьэм и мафIэсгъэункIыфI частхэм профилактикэ лэжьыгъэхэр щригъэкIуэкIащ.

САБИЙ гъэсапIэ-пэщIэдзэ еджапIэ №5-м и гъэсэн цIыкIухэм «Бжэ зэIухахэм я махуэ» Iуэхугъуэр гукъинэж ящыхъуащ. Абыхэм гъэщIэгъуэн ящыхъуащ мафIэсгъэункIыфI IуэхущIапIэ №2-м и плъыр IэнатIэм и унафэщI Гулиев Руслан ядригъэкIуэкIа псалъэмакъыр. ЦIыкIухэм ирагъэлъэгъуащ мафIэсгъэункIыфI машинэхэр, ар къызэрызэгъэпэщар, абы хэт пкIэлъейр зэрылажьэр. МафIэсгъэункIыфIхэм зэрызахъумэ фащэр псынщIэу зэрыщатIагъэм, IэнатIэм и техникэ зэмылIэужьыгъуэхэм цIыкIухэр итхьэкъуат. Ахэр зэрылажьэри сабийхэм ирагъэлъэгъуащ.

Инструктор Цапенкэ сабийхэм псалъэмакъ гъэщIэгъуэн ядригъэкIуэкIащ, мафIэсым теухуа мультфильмхэм иригъэплъащ. Езыр-езыру «01» телефон номерыр къащтэу цIыкIухэм зрагъэсащ: мафIэс къызэрыхъуамкIэ хъыбар ирагъэщIащ, я хэщIапIэр, я цIэ-унэцIэр, я телефон номерхэр жаIащ.

Ульбашевэ Рузаннэ ядригъэкIуэкIа «Фысакъ, мафIэс!» сурэт зэпеуэри гъэщIэгъуэну щытащ. Сабийхэр щIрагъэблэгъа Iуэхугъуэр и кIэм нагъэса нэужь, абы хэтахэми кърихьэлIа хьэщIэхэми IэфIыкIэхэр иратащ.

МафIэсгъэункIыфIхэм я фIэщ мэхъу зыщагъэгъуэза Iэмалхэр сабийхэм къазэрыхуэщхьэпэнур. Ауэ нэхъыщхьэр мафIэс къэмыгъэхъуныр щ. Хэт ищIэрэ, зэман дэкIымэ, сабийхэм ящыщ гуэрым «Сэ мафIэсгъэункIыфI IэщIагъэр къыхызох!» жиIэнкIи хъунщ.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

Дзэм ягъакIуэхэм я махуэ

Жэпуэгъуэм и 21-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым Налшык дэт и IуэхущIапIэм щекIуэкIынущ мы гъэм дзэм кIуэну щIалэхэм я махуэ. Абы кърихьэлIэнущ Налшык къалэм и Ветеранхэм я советым, Абхъаз зауэм хэтахэм я союзым, Афганистаным щызэуахэм я союзым, нэгъуэщI жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр. Абыхэм дзэ къулыкъур зэрехьэкIыпхъэм теухуа чэнджэщхэр щIалэгъуалэм иратынущ, дзэм къулыкъу щызыщIэхэм я псэукIэм, абыхэм къагъэсэбэп иджырей техникэмрэ Iэщэ-фащэмрэ щыгъуазэ ящIынущ. Апхуэдэу дзэм кIуэну къызыпэщытхэр яIущIэнущ иджыпсту дзэ IэнатIэм пэрытхэм.

Налшык къалэ округым и администрацэм

КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм гущIыхьэ щыхъуауэ хъыбар фегъащIэ Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым хэт **Уянов Оюс Хьэсэн и къуэр** зэрылIамкIэ икIи дунейм ехыжам и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.



ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.
Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖьэкIэмыхъу Маринэ, редактору НэщIэпыджэ Замирэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Иннэ *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.
Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 9.233 ● Заказ №3582